

Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur

Buku Siswa

Tantri Basa

Adhedhasar Pergub Jatim No. 19 Taun 2014
Muatan Lokal Bahasa Daerah
Provinsi Jawa Timur
Lan KTSP 2013

Tim Panyusun
Dra. Rini Murwati

Dra. Agus Windarti, M.Pd.
Drs.Teguh Prasetyo Wiyono, M.Pd

Tim Penyelia

Drs. Bambang Purnomo, M.S
Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.
Drs. Sukarman, M.Si

Kelas
6

Tantri Basa

Tim Penyusun:
Dra. Rini Murwati
Dra. Agus Windarti, M.Pd.
Drs. Teguh Prasetyo Wiyono, M.Pd.

Editor/Penyelia	: Drs. Bambang Purnomo, M.S.
	Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.
	Drs. Sukarman M.Si.
Desain/Lay Out	: Latif Nur Hasan, S.Pd, M.Pd
Desain/Lay Out cover	: Rahmat Santosa, S.Pd. M.M.
Penerbit	: Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur
Isi	: x, 99 hal

ISBN	: 978-602-404-016-1	***(no.jil.lengkap)***
ISBN	: 978-602-404-027-7	***(jil.6)***

KATA PENGANTAR

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA TIMUR

Alhamdulillah buku "**Tantri Basa**" sudah selesai disusun dan diterbitkan. Buku ini disusun dengan berpedoman pada Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 tentang Mata Pelajaran Bahasa Daerah sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/Madrasah. Pergub tersebut memberikan pegangan hukum yang kuat bagi guru-guru untuk melaksanakan dengan sungguh-sungguh pembelajaran Bahasa Daerah. Sebagai tindak lanjut, buku ini disusun untuk menyelesaikan masalah ketiadaan buku ajar seiring dengan terbitnya Pergub dan diharapkan dapat diterima dan digunakan dalam pembelajaran di sekolah/madarasah di wilayah Jawa Timur.

Terima kasih disampaikan kepada tim penyusun yang telah dengan kesungguhan menyelesaikan buku ini. Kerja sama Tim Eksternal sebagai penyusun bersama-sama dengan Tim Internal Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur telah mampu menghasilkan karya yang bermanfaat bagi pembentukkan budi pekerti dan karakter generasi muda lewat jalur pendidikan formal di sekolah/madarasah.

Kesempurnaan buku ini adalah tujuan dari penyusun dan pengguna buku ini. Akan tetapi, buku ini masih memiliki kekurangan. Karena itu, kritik, saran, dan masukan dari berbagai pihak yang peduli terhadap pelestarian, pengembangan, dan pemertahanan Bahasa Daerah sebagai salah satu budaya bangsa ini sangat diharapkan. Insya Allah pada kesempatan lain buku ini akan disempurnakan dengan mengakomodasi masukan dari berbagai pihak.

Surabaya, Desember 2016
Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur,



Dr. Saiful Rachman, MM.,MPd
Pembina Utama Madya
NIP. 19590503 198503 1 018

Atur Sapala

Isinipun buku ***"Tantri Basa"*** punika sampun katitipriksa dening para ahli Basa Jawi saking *Universitas Negeri Surabaya (Unesa).* Dene panyerating buku sampun dipunadani dening para sutresna sarta alumnus Universitas Negeri Surabaya (Unesa). Isi umumipun sampun katiti priksa dening **Drs. Sukarman, M. Si.** (*Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni (FBS), Universitas Negeri Surabaya (Unesa) lan Ketua Tim Penyusun Kurikulum Bahasa Daerah Kantor Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Timur*). Wondene babagan Kebahasaan (Linguistik), Sastra, lan Metodologi Pembelajaran sampun dipuntitipriksa dening **Dra. Sri Sulistiani, M. Pd.** (*Ketua Jurusan, Dosen Bahasa, Sastra, dan Metodologi Pengajaran* saking *Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni FBS, Universitas Negeri Surabaya - Unesa*).

Kanthi asil paniti priksa kasebat dipunajab sageda buku ***"Tantri Basa"*** punika murakabi kangge srana sinau Basa Jawi tumrapipun para siswa. Kejawi punika, ingajaban ugi sageda mbiyantu para kadang dwija anggenipun memucal saha nggulawenthah siswa-siswinipun ing jagading piwucalan Basa Jawi.

Laras kaliyan owah-gingsiripun kurikulum pendhidhikan, buku punika sampun kacundhukaken kaliyan ***Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Mulok Bahasa Daerah 2013***. Asil paniti priksa nedhahaken bilih isinipun buku punika sampun laras kaliyan kurikulum enggal ingkang dipunginakaken ing sekolah-sekolah wekdal samangke. Isinipun buku punika kabiji sampun dipun serat kanthi lelandhesan Standar Kompetensi Lulusan (SKL), Kompetensi Inti (KI) lan Kompetensi Dasar (KD), sarta ngginakaken paugeran ingkang sampun dipunrantam dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*.

Mugi-mugi wontenipun buku punika saged mbiyantu para siswa, kadang dwija, lan sutresna Basa Jawi, anggenipun marsudi basa, sastra, lan kabudayan Jawi. Tundhanipun sageda basa, sastra, lan kabudayan Jawi ngrembaka lan lestari.

Surabaya, Desember 2016
Paniti Priksa
Drs. Sukarman, M. Si./
Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.

(Ketua dan Wakil Ketua Tim Penyusun
Kurikulum Mulok Bahasa Daerah
Kanwil Dinas Pendidikan dan Kebudayaan
Provinsi Jawa Timur 2014

Atur Pangiring

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Kuwaos awit kanthi berkahipun panyerat sampun saged nyekapaken panganggiting buku Basa Jawi ***"Tantri Basa"*** kangge para siswa Sekolah Dasar (SD) / Madrasah Tsanawiyah (MI). Perlu kawuninganan, wiwit taun pelajaran 2014/2015, piwucalan Basa Jawi SD/MI sampun ngginakaken kurikulum enggal inggih punika *KTSP Mulok Bahasa Daerah 2013*. Alelandhesan Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 ***"Mata Pelajaran Bahasa Daerah Sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/ Madrasah"*** kanthi alokasi wekdal 2 (kalih) jam pelajaran saben minggunipun. Kangge njangkepi sarana piwucalan Basa Jawi wonten SD/MI wau, panyerat nganggit buku ajar Basa Jawi ***"Tantri Basa"*** punika.

Buku **"T*antri Basa*"** kasiyapaken kangge nyengkuyung kawicaksanan KTSP 2013. Bab punika laras kaliyan Peraturan Menteri Pendidikan No. 64 Tahun 2013, ingkang ngrembag bab *Standar Kompetensi Lulusan (SKL),* ingkang paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran kedah ngginakaken acuan *Standar Kompetensi Lulusan (SKL)* lan *Kompetensi Inti (KI)* lan sarta alelandhesan paugeran ingkang sampun dipunsusun dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*. Wondene *Permendikbud No. 71, Tahun 2013, ingkang ngrembag Buku Teks Pelajaran* lan *Buku Panduan Guru Untuk Pendidikan Dasar Dan Menengah,* ugi paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran ingkang dipun-ginakaken ing pawiyatan-pawiyatan kedah sampun kasusun adhedhasar KTSP Mulok Bahasa Daerah Tahun 2013.

Ewah-ewahan tumrap buku teks kedah karancang lan kasusun kanthi lelandhesan (*berbasis*) teks. Wonten ngriki, teks kawawas minangka perangan basa ingkang nggadhahi makna kontekstual. Lumantar buku punika, siswa kaajab saged ngasilaken lan ngginakaken teks laras kaliyan *tujuan* lan *fungsi* sosialipun. Salebetipun piwucalan basa Jawi ingkang alelandhesan teks, pasinaon boten namung sesambetan kaliyan piwucaling teori lan konsep, ananging teks ugi migunani minangka sumber *aktualisasi dhiri* tumrap soksintena ingkang migunakaken bab wau, ing salebeting *konteks sosial budaya akademis*.

Wontenipun buku ***"Tantri Basa"*** punika, dipunajab sageda mbiyantu para siswa SD/MI anggenipun ngleluri dalah marsudi Basa Jawi. Kejawi punika, sageda adamel gampil lan lancaripun para kadang dwija anggenipun memucal dalah nggulawenthah para siswa-siswinipun salebeting piwucalan Basa Jawi.

Perlu kawuninganan, kajawi alelandhesan teks, pangrakiting buku punika ugi ngginakaken *Pendekatan Saintific*. Piwucalan alelandhesan teks, mawi pandom ngrembakakaken babagan (1) Piwucalan basa kawawas saking teks, boten namung kasusun kanthi munjeraken paramasastra utawi *ketatabahasaan* kemawon. (2) Piwucalan lelandhesan teks minangka proses pamilihing basa ingkang ngandharaken makna. (3) Piwucalan basa lelandhesan teks asipat

fungsional ingkang ateges boten saged uwal saking *konteks* ingkang mbabaraken maneka warnining *ide, karakter, nilai*, sarta ugi *idiologi* panuturipun, (4) Piwucalan basa lelandhesan teks ugi minangka sarana kangge mangun kawasisan olah pikir tumrap para siswa.

Jinising teks ingkang kaandharaken wonten ing buku punika arupi teks dheskripsi, palapuran, narasi/carita, eksposisi, eksplanasi, lan sapiturutipun. Wondene *pendekatan Saintific* ingkang kababar ing buku punika mawi *proses* ingkang sesambetan kaliyan tumindak: *Mengamati (Observing), Menanya (Questioning), Mencoba (Experimenting), Menalar (Associating), Mengkomunikasikan (Comunicating),* lan *Membentuk Jejaring (Networking).* Wondene aspek panggulawenthahing patrap ingkang dados punjering piwucalan, inggih punika kanthi nengenaken aspek *Sikap Religius, Sikap Sosial, Kognitif, lan Psikomotorik*.

Pambabaripun buku ***"Tantri Basa"*** kajawi ngandharaken *materi*, ugi sinartan *gladhen (latiyan)* kalarasaken kaliyan *Kompetensi Dasar* lan *Indikator* ingkang sampun sinerat wonten salabeting silabus. Awit saking punika, dipunajab supados saged nyekapi kangge pangukuring *kompetensi* minimal, ingkang kedah dipunkuwaosi dening para siswa. Pambabaripun buku ingkang alelandhesan teks punika, kalampahan kanthi cak-cakan: *(1) Tahap Pembangunan Konteks, (2) Tahap Pemodelan Teks, (3) Tahap Pembuatan Teks Bersama-sama,* lan *(4) Tahap Pembuatan Teks Secara Mandiri*. Kejawi materi lan gladhen, buku punika ugi dipunjangkepi "bausastra" lan "pepeling" ingkang ngandharaken teges sarta pangenget-enget dateng konsep-konsep inti, ing saben wulangan utawi bab. Kanthi mekaten perangan punika dipunajab sageda njangkepi pangrembagipun materi piwucalan, kejawi ugi kangge nambah wawasanipun para siswa.

Panyerat sampun mbudidaya murih buku punika saged sampurna, ewa semanten minangka manungsa limrah sarta awit saking winates saha cupeting kawruhipun panyerat, seseratan salebeting buku punika taksih kathah kekiranganipun. Pramila panyaruwe saking pamaos tansah kaantu-antu amrih kangge damel saenipun buku punika. Wusananing atur, mugi-mugi Gusti Ingkang Murbeng Dumadi tansah njangkung lan nyengkuyung pangetrapanipun buku punika tumrap majeng lan lestarinipun piwucalan Basa Jawi. Nuwun.

Surabaya, Desember 2016

Panyerat

Daftar isi

WULANGAN 1
NJAGA LESTARINE ALAM

Kompetensi Dasar:

3.1	Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks informasi yang diperoleh dari berbagai media berbahasa daerah secara lisan/tertulis.
4.1	Menyampaikan dan menanggapi informasi yang diperoleh dari berbagai media berbahasa daerah secara lisan/tertulis.

Indikator:

3.1.1	Menjelaskan pengertian teks informasi.
3.1.2	Menjelaskan ciri-ciri teks informasi.
3.1.3	Mengidentifikasi teks informasi.
3.1.4	Membedakan antara teks informasi dengan jenis teks lain.
4.1.1	Menuliskan isi teks informasi dengan bahasa sendiri.
4.1.2	Menceritakan kembali isi teks informasi yang telah dibaca dengan bahasa lisan.
4.1.3	Membandingkan informasi yang diperoleh dari media berbeda untuk menemukan persamaan dan perbedaan.
4.1.4	Menanggapi kesimpulan tentang persamaan dan perbedaan informasi.

Mbabar Wawasan

Merga wis kelas VI, mula Rini sakancane kudu luwih sregep sinau, kanggo ngadhepi ujian akhir sekolah. Saiki, Rini lagi sinau pelajaran IPA ngenani ekosistem. Rini eling pangandikane Ibu Guru mau esuk. Bu Guru ngendika yen salah sijine ekosistem rusak, lingkungane ya rusak. Yen nganti lingkungane rusak sing rugi kabeh makhluk sing urip ing sajrone lingkungan mau, utamane manungsa.

Lingkungan rusak tuladhane, yaiku alas sing rusak amarga kobong utawa ditegori wit-witane kanthi sembarangan. Alas dadi gundhul, yen udan ora bisa nyimpen banyu udan. Banyu udan bablas mili, nggerus lemah, ndadekake longsor lan banjir bandhang. Longsoran lemah lan banjir bandhang ndadekake bencana tumrap manungsa. Omah, dalan, sawah, tegal lan sapanunggalane dadi rusak. Bisa uga nuwuhake korban jiwa.

Indonesia negara kang endah. Kaendahane alam Indonesia kondhang sadonya. Akeh wong manca sing kasengsem karo kaendahane alam Indonesia. Maneka warna tanduran lan kewan, mung mligi ana ing Indonesia. Mula wis dadi kewajibane kabeh wong Indonesia njaga lestarine alam. Rini saiki paham banget ngenani wigatine njaga lestarine alam Indonesia. Ing ngisor iki gambar ngenani sawijining kahanan alam.

Gambar ing ngisor iki setitekna!

1.



2.



3.


PENGIN KETEMU PONGO ABELII:

Leonardo DiCaprio Blusukan Alas Aceh

4.



Sawise nyetitekake gambar ing dhuwur, coba tulisen penemumu cukup saparagrap bae!

....
....
....
....

Pasinaon 1
Modhel Teks Pinilih

Teks Informasi

Teks bisa wujud lisan bisa uga wujud tulisan utawa gambar. Tujuan panulise teks nginformasekake apa bae. Teks informasi bisa wujud teks narasi faktual, teks dheskripsi, lan teks persuasi.

Teks narasi faktual tuladhane teks pawarta, pengalaman pribadi, lan profil tokoh. Teks dheskripsi yaiku teks kang ngandharake samubarang apa anane, bisa lelakon, barang, lan bisa apa bae sing dadi lesan (*sesuatu, keadaan, tempat, barang, orang*). Dene teks persuasi isi lan andharane ngajak-ajak, narik kawigatene liyan, ngyakinane, lan ndayani.

Teks narasi faktual lan teks dheskripsi wis nate disinaoni sadurunge kelas enem. Teks informasi sing bakal disinaoni ing pamulangan iki mligi ngenani teks pawarta lan persuasi, slogan, lan iklan. Bocah-bocah, ayo bebarengan maca teks ing ngisor iki kanthi titi!

Teks 1: Pawarta

Banjir Bandhang lan Longsor Trenggalek

Gambar 1



Gambar 2



Bupati Trenggalek Emil Elestianto Dardak ngirim pesen ringkes marang kantor berita Antara, ngandharake yen wis dumadi prahara lemah longsor lan banjir bandhang. Lemah longsor lan banjir bandhang nrajang telung kecamatan ing kabupaten Trenggalek, yaiku kecamatan Munjungan, Gandungsari, lan Kampak.

Prahara banjir bandhang lan tanah longsor mau kelakon ing dina Selasa, 16 Agustus 2016 pukul 22.00 WIB, sawise udan deres meh sedina sewengi ora leren. Prahara lemah longsor kang nggawa korban jiwa 1 asal desa Senden Kecamatan Kampak, lagi surut lan bisa ditangani ing ing dina Rabu, 17 Agusutus 2016.

Prahara banjir bandhang medhotake kreteg ing dalan sing ngubungake kecamatan Kampak-Munjungan lan Kampak-Gandusari uga ngrendhem ewonan omah. Pedhote kreteg mau nyebabake bantuan kanggo korban prahara banjir bandhang sing diliwatake BPBD ora bisa dikirim kanthi lancar.

Bausastra:
sadhengah : sakabehe/ sawernane
prahara : bencana
tandhon : simpenan
tundhone : akhire
negor : ngethok/motong

Teks 2: Persuasi

Ngopeni Banyu, Sumber Panguripan

Banyu mujudake sumber panguripan. Makhluk sing urip, ora bakal bisa urip tanpa banyu. Banyu sing dibutuhake, banyu sing resik. Banyu kang bebas *polusi*. Nyatane ing jaman saiki angel banget golek banyu sing resik bebas *polusi*. Tuk banyu lan kali wis akeh sing asat amarga wit - witan sing nandhon banyu wis entek ditegori. Banyu kali ya wis kenek polusi, amarga kanggo buwangan uwuh lan limbah pomahan uga limbah pabrik.

Banyu kali kang kebak uwuh lan limbah mili menyang segara, mulane segara dadi reged (*tercemar*). Supaya ora kekurangan banyu resik ayo padha ngopeni sumber banyu kanthi nandur wit – witan sakiwa tengene sumber! Aja mbuwang sampah lan limbah menyang kali! Mula saka iku ayo bebarengan gumregah, ngopeni banyu minangka sumber panguripan.

Bausastra:
tuk : sumber
ditegori : dikethoki
uwuh : larahan
pomahan : omah-omahe warga
gumregah : enggal tumandang

Gladhen 1: Nyemak Teks Informasi

Sawise nyetitekake teks ing dhuwur, pitakon-pitakon iki wangsulana manut prentahe!

1. Apa bae irah-irahane teks ing dhuwur?
2. Prahara apa sing dumadi nalika wayah rendheng?
3. Apa sing nyebabake anane prahara mau?
4. Sapa sing mbutuhake bantuan?
5. Apa sing diarani teks informasi iku?

Gladhen 2: Ngidhentifikasi Titikane Teks Informasi

1. Saben jinis teks informasi nduweni *ciri-ciri* utawa titikan mligi. Bisa katitik saka informasi sing diandharake uga bisa saka basa kang digunakake.

   Titikane teks Informasi:

   a. Teks pawarta
      1. Ngandharake fakta
      2. Kamomot ana ing medhia cetak utawa elektronik
      3. Isine pawarta sing lagi dadi bahan omongane masyarakat.

      Tuladhane kaya teks 1 ing dhuwur "Banjir Bandhang lan Longsor Trenggalek"

   b. Teks Persuasi

      Teks persuasif yaiku karangan sing isine ngajak utawa narik kawigatene, mangaribawani, lan ngyakinake sing maca. Wujud gancaran, isine bisa ngajak, ngelingake, mamerake, nawakake.

   c. Sesanti/ Slogan

      Slogan isine ngajak lan ngelingake.

Teks 3 : Sesanti/Slogan

Negor sauwit, nandur satus bibit!



d. Pariwara/Iklan

Iklan kanggo mamerake lan ngajak supaya dideleng, dituku, lan digunakake. Tuladhane slogan, kayata: visi misi sekolah, visi misi instansi/perusahaan, partai politik, lan sapanunggalane. Iklan, tuladhane kaya: iklan sabun, iklan *handpone*, iklan panganan, lan sapanunggalane

Teks 4: Pariwara/Iklan



2. Sakwise bocah-bocah ngerti titikan utawa ciri-cirine teks informasi, wenehana tandha centhang ing papan isen-isen sing cocok karo ciri-ciri teks informasi!

No.	Pranyatan	Teks informasi			
		Pawarta	Persuasi	Sesanti /slogan	Pariwara / iklan
1	Isine: prastawa nyata				
	ajakan				
	pamer				
	ndayani				
	ngelingake				
2	Wujude:				
	paragrap-paragrap				
	ukara				

3. Sawise bocah-bocah ngerti bedane teks informasi, wenehana tanda centhang ing papan isen-isen sing cocok!

No.	Ukara	Teks informasi			
		Pawarta	Persuasi	Sesanti/ slogan	Pariwara / iklan
1.	Sapa nandur bakal ngundhuh.				
2.	Banjir bandhang nrajang, nuwuhake korban jiwa.				
3	Banyu resik, sumber panguripan, openana!				
4	Ayo tandang, njaga lestarine alam.				

4. Saiki goleka tuladha teks informasi. Pilihen! Bisa teks pawarta, teks sesanti utawa teks pariwara/ iklan saka majalah basa Jawa, banjur tulisen ing papan sing wis kasedhiyakake ing ngisor iki!

....
....
....
....
....

Gladhen 3: Mbedakake Teks Informasi

Bocah-bocah, wacanen teks ing dhuwur lan setitekna maneh kaya kang wis dijlentrehake yen jinise teks informasi wujud teks pawarta, teks slogan, lan teks iklan.

Teks ing ngisor iki setitekne!

Taman Nasional Baluran

Njaga lestarine alam Indonesia dadi tanggung jawabe kabeh warga negara Indonesia, yaiku kabeh masyarakat lan pemerintah. Kementerian Kehutanan lan Lingkungan Hidup sing **kejibah** njaga lan **ngupakara** lestarine alam Indonesia. Salah sijine kanthi netepake Taman Nasional. Taman Nasional yaiku cagar alam/*hutan lindung* sing dilindhungi undhang-undhang kanggo njaga lestarine ekosistem sing asli, yaiku alame, tandurane, lan kewan-kewane.

Taman Nasional Baluran kuwi salah sijine cagar alam utawa *hutan lindung* sing wis ditetepake dening pemerintah. Ekosistem sing asli ing Taman Nasional Baluran awujud **padhang savana**, **alas mangrove**, alas tropis, pesisir, rawa, lan pegunungan. Ana 444 jinis tanduran, 155 manuk, lan 26 mamalia. Mamalia sing paling misuwur yaiku bantheng.

Rini lan Bima wis nate diajak Bapak ibune dolan menyang Taman Nasional Baluran. Bocah loro seneng atine ana Taman Nasional Baluran, amarga bisa langsung ngrasakake lan ndeleng endahing alame, tanduran, lan kewan-kewane sing wis langka. Rini lan Bima seneng banget bisa weruh wujude bantheng.

Mula yen kepingin kaya Rini lan Bima, **enggala** nggawe rencana liburan semester iki saperlu dolan menyang Taman Nasional Baluran. Ing kono saliyane dolan-dolan uga bisa nliti lan sinau ngenani maneka warnane ekosistem. Regane tiket kanggo mlebu kepetung murah. Papane gampang diparani, amarga manggone ana ing sapinggire dalan gedhe Surabaya Banyuwangi KM 18, Arjasa-Situbondo. Taman Baluran mapane **ke bawah** Ds. Sumberwaru, Kecamatan Banyuputih, Kabupaten Situbondo



Wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Teks ing dhuwur irah-irahane apa?
2. Tembung sing kacithak kandel ing teks dhuwur golekana tegese!
   a. kejibah = ...
   b. ngupakara = ...
   c. padhang savana = ...
   d. alas mangrove = ...
   e. enggala = ...
   f. ke bawah = ...
3. Gambar ing ngisor iki slogan apa iklan?
   a. ....



   b. ....



Pasinaon 2:
Nyusun Teks Informasi Bebarengan

Nyusun teks informasi sing paling penting kudu ngerti ciri khase lan jinise teks. Carane nyusun teks informasi:

1. Teks pawarta
   Teks pawarta kuwi sing diandharake kudu nggunakake *pedhoman* ngenani: apa, sapa, kapan, nyapa (kena apa), nang endi, kepriye.

2. Teks persuasi
   Temtokna data/fakta/fenomena sing arep kokgunakake minangka dhasar kanggo narik kawigaten lan mangaribawani utawa ngajak.
   Data/fakta/fenomena sing narik kawigaten yaiku data/fakta/fenomena sing rupa sebab akibat sing bisa migunani utawa ngrugekake tumrap pribadi-pribadi, masyarakat, bangsa, lan negara, malah bisa uga tumrap donya saisine. Nulis jenis teks persuasi sing paling wigati kudu kanthi basa kang gampang dingerteni dening pamaca kabeh.

Gladhen 1: Nulis Teks Informasi

Gambar-gambar ing ngisor iki bisa njlentrehake kanthi jangkep teks informasi!

1. Nggawea klompok kanthi anggotane dumadi saka 4 bocah.
2. Pilihen jenis teks apa sing arep koktulis bebarengan karo klompokmu!
3. Saben anggota kudu milih salah siji saka gambar mau. Semaken, banjur nggawea paragrap sing cocok karo gambar!

4. Asilmu nulis klumpukna karo klompokmu, wacanen bebarengan paragrap-paragrap mau!
5. Uruten paragrap-paragrap mau, yen durung nyambung paragrap siji lan sijine, dhiskusekna maneh karo klompokmu.
6. Banjur pajangen ing papan kang sumadya.

a.



b.



c.



d.



Gladhen 2: Nyritakake Isine Teks Informasi

Nyritakake isine teks persuasi, kuwi tegese nyritakake isine teks nganggo basane dhewe-dhewe.

Paragrap-paragrap kudu bisa dirunut ukara intine. Ing paragrap, ukara inti bisa ing wiwitan paragrap, pungkasan paragrap utawa bisa dirunut ing saben ukara kanthi goleki tembung kunci sing ngubungake ukara karo ukara sateruse ing paragrap.

1. Nggoleka teks informasi siji bae, bisa pawarta, persuasi, sesanti/slogan utawa pariwara/iklan saka maneka warna sumber (lingkungan sakiwa tengen, TV, majalah, lsp).
2. Dhiskusekna isine teks sing wis kokpilih karo klompokmu, jupuken dudutan (*kesimpulan*) saka crita mau lan tulisen!
3. Sing makili klompok maju nyritakake asile dhiskusi ana ngarep kelas.

4. Klompok liyane sing ora maju migatekake lan menehi tanggapan kanthi lelandhesan rubrik ngisor iki:

No	Klompok	Aspek				Jumlah
		vokal	intonasi	ekspresi	runtut	
1						
2						
3						
4						
5						

Katrangan :
Biji 4 yen : pas banget
Biji 3 yen : pas
Biji 2 yen : cukup pas
Biji 1 yen : kurang pas

Pasinaon 3: Nyusun Teks Informasi Mandhiri

Gladhen 1: Nulis Tanggapan Teks Informasi

Bocah-bocah saben dina mesthi oleh informasi saka ngendi bae. Informasi bisa saka TV, radhio, ariwarti (koran), kalawarti (majalah), utawa langsung saka sumbere. Kanggo tansaya nambahi pangertenmu bab teks informasi tindakna pakaryan iki kanthi mandhiri:

(1) Goleka teks informasi saka kalawarti (majalah) atau ariwarti (koran).
(2) Tulisen informasi apa kang kaandharake kanthi pedhoman ngenani: apa, sapa, kapan, nyapa (kena apa), kepriye, nang endi.

(3) Wacanen ana ngarep kelas asil garapanmu, dene kanca liyane menehi tanggapan.
(4) Dandanana garapanmu, sabanjure kumpulna marang Bapak/Ibu Guru.

Gladhen 2: Nulis Teks Informasi

Perangan-perangan gambar ing ngisor gathuk–gathukna supaya runtut, utawa pilihen salah siji. Saka gambar bisa dadi idhe kanggo nggawe teks informasi, bisa teks pawarta, persuasi, sesanti/slogan utawa pariwara/iklan.

1. Semaken perangan gambar ing ngisor iki, banjur gawea teks informasi sing cocok karo gambar.

a.



b.



c.



d.



2. Asile tulisanmu mau bandhingna karo teks sajinis sing dimot ing sajrone medhia abasa Jawa.
3. Asil tulisanmu jingglengana maneh sing tliti, yen ana sing salah benerna.
4. Asil tulisan sing wis kokbenerne banjur pajangen ing papan kang wis sumadya.

GLADHEN WULANGAN 1

A. Pilihen jawaban sing paling bener!

Wacan ing ngisor iki wacanen kanggo mangsuli pitakon no 1 nganti 5!

....

"Hutan Indonesia Paru-Paru Dunia" ukara kuwi ing saben-saben dina pengetan *Lingkungan Hidup* mesthi dikumadhangake saindenge donya. Alas ing bumi Indonesia pancen klebu alas tropis sing paling amba sadonya. Alas tropis mujudake prodhusen oksigen sing paling gedhe sadonya. Mula ora salah yen alas Indonesia diarani paru-parune donya.

Kanyatane saiki alas ing Indonesia meh kabeh wis rusak. Rusake alas ing Indonesia disebabake saka *bencana alam* lan saka pokal gawene manungsa. Rusak merga saka bencana alam, umpamne: gunung mbledhos, gempa bumi/lindhu, yen rusake amarga kobong, banjir bandhang, tanah longsor bisa uga disebabake pokal gawene manungsa.

Panguripan ing ngendi wae mbutuhake oksigen. Ora mung manungsa, kewan uga butuh oksigen supaya paru-parune sehat, sing bisa mrodhuksi oksigen sing resik ya tanduran sing subur. Tanduran bisa subur yen lemahe uga subur. Subure lemah kuwi yen akeh humuse lan cukup banyune, humuse sing akeh asale saka godhong-godhong sing gogrog nutupi lemah, banyune akeh yen ana oyod-oyode wit gedhe sing bisa nandhon banyu sajroning lemah. Mulane ayo dilestarekake alase supaya tetep bisa dadi paru-parune donya.



1. Irah-irahan kang trep kanggo wacan ing dhuwur yen arupa slogan yaiku…..
   A. Alasku paru-paruku
   B. Alasku sehat, paru-paruku sehat
   C. Alasku paru-parune donya
   D. Lestari alasku, lestari bumiku
2. Ukara inti ing paragrap 1 wacan ing dhuwur yaiku….
   A. Alase rusak, paru-parune donya rusak.
   B. Alas Indonesia paru-parune donya
   C. Alas Indonesia kuwi alas tropis
   D. Alas tropis prodhusen oksigen.
3. Ukara inti ing paragrap 2 wacan ing dhuwur yaiku ….
   A. Alase Indonesia rusak kabeh.
   B. Alase Indonesia dirusak menungsa.
   C. Indonesia bencana gempa bumi.
   D. Lemahe Indonesia longsor kabeh.
4. ꦲꦭꦱ꧀ꦏꦸꦊꦱ꧀ꦠꦫꦶ꧈ ꦈꦫꦶꦥ꧀ꦏꦸ ꦩꦸꦫꦏꦧꦶ yen katulis Latine....
   A. Alasku bumiku
   B. Alasku paru-paruku
   C. Alasku lestari, uripku lestari
   D. Alasku lestari, uripku murakabi
5. Ukara sing dadi cirine teks persuasi wujud pangajak ana ing paragrap ….
   A. 1
   B. 2
   C. 3
   D. 4
6. Ukara ing ngisor iki tuladha teks pawarta wujud andharan ngenani kedadeane …
   A. Alas ing bumi Indonesia pancen klebu alas tropis sing paling amba sadonya.
   B. Rusake alas ing Indonesia disebabake saka bencana alam lan saka pokal gawene manungsa.
   C. Alas tropis mujudake prodhusen oksigen sing paling gedhe sadonya.
   D. Prahara banjir bandhang mau kelakon ing dina Selasa, 16 Agustus 2016 pukul 22.00 WIB
7. Ing ngisor iki titikane sesanti utawa slogan sing bener yaiku….

A. ukarane ngajak-ajak
B. ukarane mamerake
C. ukarane nyenengake
D. ukarane ngujuk-ujuki

8. Ing ngisor iki titikane pariwara/iklan sing bener yaiku…
   A. ukarane ngajak-ajak
   B. ukarane mamerake
   C. ukarane nyenengake
   D. ukarane ngujuk-ujuki
9. Ing ngisor iki ukara sing klebu jinise pariwara/iklan yaiku…
   A. Ngundhuh wohing pakarti.
   B. Gunakna banyu sacukupe!
   C. Lemah longsor mendhem ewonan omah.
   D. Ayo njaga lestarine alam.
10. ”Panguripan ing ngendi bae mbutuhake oksigen” , yen diowahi nganggo basa krama sing bener….
   A. Pagesangan wonten pundi kemawon mbetahaken oksigen.
   B. Panguripan ing pundi mawon mbetahaken oksigen
   C. Pagesangan ing pundi kewawon betah oksigen.
   D. Panguripan wonten pundi kemawon mbetahaken oksigen.

B. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi cekak aos!

1. Apa wae titikane teks pawarta?
2. Apa bedane teks pariwara karo teks sesanti?
3. Kepriye tuladhane teks pariwara?
4. Kepriye tuladhane teks sesanti?
5. Kepriye tuladhane teks pawarta saparagrap?
6. Kepriye panemumu ngenani teks pawarta sajerone kalawarti Jaya Baya lan Panjebar Semangat?

WULANGAN 2
BHINEKA TUNGGAL IKA

Kompetensi Dasar:

3.2	Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi *teks tembang macapat* sesuai dengan kaidah.
4.2	Menceritakan isi tembang macapat.

Indikator:

3.2.1	Menyebutkan contoh tembang macapat.
3.2.2	Menjelaskan aturan atau kaidah tembang macapat .
3.2.3	Mengidentifikasi jenis tembang macapat.
3.2.4	Membedakan tembang pangkur dengan tembang lainnya.
3.2.5	Menjelaskan arti kata-kata sulit yang ada pada tembang Pangkur.
4.2.1	Menirukan tembang Pangkur yang dicontohkan.
4.2.2	Melagukan tembang Pangkur.
4.2.3	Memparafrase tembang Pangkur.
4.2.4	Menceritakan isi tembang Macapat.

Mbabar Wawasan

Bhineka Tunggal Ika tegese maneka warna nanging nyawiji ing tekad lan karep. Maneka warna suku bangsa, agama, basa, lan budaya. Bhineka Tunggal Ika semboyan sing nyawijekake bangsa Indonesia. Yen nganti ana wong Indonesia isih ngundhamana perkara SARA marang wong padha Indonesiane, ora pantes ngaku wong Indonesia apa maneh urip ing bumi Indonesia. Yen ora Bhineka Tunggal Ika dudu Indonesia.

Gambar ing ngisor iki nuduhake maneka warnane suku bangsa, agama, basa, lan budaya.

1.

2.

3.

4.

Sawise nyetitekake gambar ing dhuwur, coba tulisen penemumu cukup saparagrap bae, saben gambar!

1. ....
....
2. ....
....
3. ....
....
4. ....
....

Pasinaon 1:
Modhel Teks Pinilih

Gambar ing ngisor iki setitekna! Maneka warnane seni lan budaya Indonesia, wiwit Sabang nganti Merauke. Seni lan budaya mau mujudake salah siji saka bukti Bhineka Tunggal Ika, bukti kaskaya kang gedhe banget ajine, lan bukti jatidhiri bangsa Indonesia.

Minangka peranganing generasi mudha Indonesia, kita kudu bisa nglestarekake lan ngrembakakake seni lan budaya kuwi.



Mligi ing jagading basa, seni, lan budaya Jawa bae, uga maneka warna. Saben propinsi ing pulo Jawa, saben kutha, kabupaten, kecamatan, lan saben desa nduweni ciri khas dhewe-dhewe. Tuladhane padha wayange tetep ana ciri khase antarane gagrag wayang Jawa Tengahan, Jawa Timuran, lan Yogyakarta.

Rini mung bisa nggumun lan ngungun nalika nyetitekake gambar ing dhuwur. Ing sajerone batin nduweni pepinginan bisaa mubeng saindenge Indonesia kanggo nyinaoni basa, seni, lan budaya dhaerahe. Ing pamulangan iki bakal disinau salah siji saka seni budaya Jawa, kang manjila ing babagan nilai-nilai budi pakarti luhur, yaiku tembang macapat.

Nalika isih kelas lima, kowe kabeh wis diwulang ngenani tembang lan nembang Pucung. Saiki sing kudu disinaoni Rini

sesambungan karo tembang lan nembang Pangkur. Rini minangka wong Jawa pancen kudu nyinaoni luwih dhisik. Pamrihe aja nganti kedhisikan dening wong manca sing luwih mumpuni.

Gladhen 1: Nyemak Teks Tembang Macapat

Sawise nyetitekne tembang Pangkur ing ngisor iki, wangsulana pitakon-pitakone!

Teks 1: Pangkur

Negriku Indonesia,
Nut jaman kapungkur tetep **nyawiji,**
Nunggal ingkang den **ginayuh,**
Karaharjaning bangsa,
Loh jinawi subur kang sarwa tinandur,
Murah sandhang lawan pangan,
Karukunan kang **jinagi.**



Lelandhesan Pancasila,
Ya Bhineka Tunggal Ika puniki,
Nyata **kaesti satuhu,**
Pranataning agama,
Seni, sastra lan budaya **adiluhung,**
Dadi jatidhiri bangsa,
Indonesiaku **yekti.**

Bausastra:

ngundhamana	:	ngelok-elokake,
kaskaya	:	bandha donya, kasugihan
ajine	:	regane
ngrembakakake	:	ngembangake, njembarake mekare
saindenge Indonesia	:	sa-Indonesia kabeh
pamrihe	:	tujuane, karepe
mumpuni	:	mrantasi gawe
nyawiji	:	dadi siji
jinagi	:	jinaga
kaesti	:	ditemeni, dilakoni, diperdi

nyawiji	: dadi siji
jinagi	: jinaga
satuhu	: temenan
adiluhung	: nduweni kagunan/mutu sing dhuwur
yekti	: temenan, saestu

Wangsulana pitakon-pitakon gegayutan karo tembang Pangkur!

1. Apa irah-irahan kang mathuk kangge tembang Pangkur kasebut?
2. Gatra "Nut jaman kapungkur tetep nyawiji" kepriye guru wilangan lan guru lagune?
3. Karaharjane bangsa ginayuh amarga kahanane Indonesia kepriye?
4. "Karukunan kang jinagi" apa tujuane?
5. Gatra "Seni, sastra lan budaya adiluhung" kepriye guru wilangan lan guru lagune?
6. Apa contone budaya kang adiluhung?
7. Apa lelandhesane negara Indonesia?
8. Apa tegese "Bhineka Tunggal Ika" ?
9. Apa kang dadi jatidhirine bangsa?
10. Apa kang bisa koktindakake supaya basa, sastra, seni, lan budaya Jawa tetep lestari?

Katrangan ing ngisor iki wacanen lan setitekna!

Tembang macapat mujudake salah sijine jinis lagu dhaerah utawa tradhisional Jawa. Jenise tembang macapat kuwi ana 11, yaiku: Mijil, Kinanthi, Pucung, Sinom, Pangkur, Asmaradana, Dhandhanggula, Durma, Gambuh, Maskumambang, dan Megatruh. Saben tembang macapat nduweni watak, sasmita, lan titikan utawa pathokan dhewe-dhewe.

Ing ngisor iki diandharake titikan, watak, lan sasmitaning tembang macapat.

A. Watak lan sasmitane tembang macapat

Watake tembang macapat kuwi gegambaran ngenani cakriking tembang, sing kamot sajerone tembang mau. Carane meruhi wewatakane tembang mau, kanthi ndeleng isine tembang. Tuladhane, yen watake sereng, tegese isine tembang arupa pitutur *tegas* sing kudu digugu.

Sasmitane tembang kuwi tembung tartamtu sajeroning tembang, sing bisa nuduhake jinise tembang. Carane kanthi ndeleng salah siji tetembungan ing jerone tembang. Tuladhane tembang Pangkur, lumrahe ana tembang sing nganggo tembung kur, mangkur, pungkur, utawa kuku**.**

No.	Sekar/Tembang	Watak	Pangripta	Sasmita
1	Mijil	gandrung, prihatos	Kanjeng Sunan Geseng	wijil, wiyos, rasasati
2	Sinom	wantah	Kanjeng Sunan Giri Kedhaton	anom, taruna, srinata, ron kamal, pangrawit, logondhang
3	Maskumambang	nelangsa, prihatos sanget	Kanjeng Sunan Mayagung	kumambang, ketimpul, kam-bang, kencana timbul
4	Pangkur	sereng	Kanjeng Sunan Muryapada	kapungkur, kur, mangkur
5	Durma	nepsu, sereng sanget	Kanjeng Sunan Bonang	durma, mundur
6	Kinanthi	asih asuh	Kanjeng Sultan Adi Erucakra	kanthi, kinanthi, sinarta(n)
7	Asmaradana	prihatos, welas	Kanjeng Sunan Giri Kedhaton	kasmaran, brangti, kingkin, dana
8	Dhandhanggula	luwes, manis	Kanjeng Sunan Kalijaga	sarkara, manis, madu, (h)artati, dhandhang, guladrawa
9	Gambuh	radi sereng	Natapraja	gambuh, lanteh, anut
10	Megatruh/DhudhukWuluh	prihatos, getun	Kanjeng Sunan Giri Parapen	andhudhuk, truh, megat
11	Pucung	sasekecapanipun	Kanjeng Sunan Gunungjati	pucung, cung, ancung, kaluwak
12	Wirangrong	--	--	wirangrong, rong
13	Girisa	--	--	giris
14	Balabak	--	--	balabak, kablabak
15	Jurudemung	--	--	juru, mung

B. Titikane tembang macapat

Titikane tembang macapat kuwi manggon ana ing guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Guru gatra kuwi cacahe larik saben sapada. Guru wilangan kuwi cacahe wanda saben sagatra. Guru lagu kuwi tebane swara ing pungkasaning gatra.

No.	Sekar/Tembang	Guru Gatra	Guru Wilangan saha Guru Lagu Larik Kaping									
			1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1	Mijil	6	10i	6o	10e	10i	6i	6u	--	--	--	--
2	Sinom	9	8a	8i	8a	8i	7i	8u	7a	8i	12a	--
3	Maskumambang	4	12i	6a	8i	8a	--	--	--	--	--	--
4	Pangkur	7	8a	11i	8u	7a	12u	8a	8i	--	--	--
5	Durma	7	12a	7i	6a	7a	8i	5a	7i	--	--	--
6	Kinanthi	6	8u	8i	8a	8i	8a	8i	--	--	--	--
7	Asmaradana	7	8i	8a	8e/o	8a	7a	8u	8a	--	--	--
8	Dhandhanggula	10	10i	10a	8e	7u	9i	7a	6u	8a	12i	7a
9	Gambuh	5	7u	10u	12i	8u	8o	--	--	--	--	--
10	Megatruh/Dhudhukwuluh	5	12u	8i	8u	8i	8o	--	--	--	--	--
11	Pucung	4	12u	6a	8i	12a	--	--	--	--	--	--
12	Wirangrong	6	8i	8o	10u	6i	7a	8a	--	--	--	--
13	Girisa	8	8a	8a	8a	8a	8a	8a	8a	8a	--	--
14	Balabak	6	12a	3e	12a	3e	12a	3e	--	--	--	--
15	Jurudemung	7	8a	8u	8u	8a	8u	8a	8u	--	--	--

Ing ngisor iki carane nggoleki titikane tembang:

a) Guru gatra digoleki kanthi ngetung pira cacahe larik saben pada utawa *bait*.

b) Guru wilangan digoleki kanthi ngetung pira cacahe wanda utawa *suku kata*.

c) Guru lagu digoleki lumantar swara utawa *vokal* ing pungkasaning pada (*bait*).

Gladhen 2 : Njlentrehake Titikane Teks Tembang

a. Golekana guru gatra, guru lagune tembang Pangkur ing ngisor iki!

Tembang: Pangkur	Gatra	wilangan	Guru lagu
Mingkar mingkuring angkara, Akarana karenan mardi siwi, Sinawung resmining kidung, Sinuba sinukarta, Mrih kertarta pakartining ngelmu luhung, Kang tumrap wong tanah Jawa, Agama ageme aji,			

b. Golekana sasmitane tembang Pangkur ing dhuwur, tulisen sagatrane/ saukarane!
....
....

Gladhen 3 : Mbedakake Jinis Teks Tembang Macapat

Mbedakake jinise tembang macapat, kanthi cara njingglengi pathokan panulisane sing dumadi saka guru gatra lan guru wilangan, utawa sasmita, lan watake tembang macapat. Saben jinis tembang macapat nduweni pathokan, watak, lan sasmita dhewe-dhewe.

Teks tembang macapat ing ngisor iki aranana jinise!

Teks 1 : Tembang	Teks 2: Tembang ....
Nuswantara iku bumi klairanku, En Ka Er I nyata, Gemah ripah loh jinawi, Samya asih sinisihan ing sasama.	Aja nganti kebanjur, Sabarang polah kang nora jujur, Yen kebanjur sayekti kojur tan becik, Becik ngupayaa iku, Pitutur ingkang sayektos.

Pasinaon 2:
Nggancarake Teks Tembang Macapat Bebarengan

Ing pasinaon 2 bocah-bocah bakal sinau carane nggancarake teks tembang macapat. Ana rong jejibahan sing kudu ditindakake, yaiku: 1) ngowahi teks tembang macapat dadi gancaran nganggo basa ngoko lan krama, 2) ngganepi cakepane tembang nganggo tembung sing pas.

a. Carane nggancarake tembang macapat:

1. Yen ana tembung-tembung sing angel golekana tegese nganggo kamus.
2. Yen wis ketemu tegese gathukna maneh karo tembung-tembung sing ana ing tembang.
3. Supaya luwih cetha gancarane, bisa disambung karo tembung *tugas*, umpamane tembung sesulih, tembung panggandheng, tembung katrangan, lan sapanunggalane.

Tuladhane:

Cakepan Tembang	Tegese Tembang
Mingkar mingkuring angkara,	ngatur mobah-mosike hawa napsu
akarana karenan mardisiwi,	jalaran kepengin nggula-wenthah para putra
Sinawung resmining kidung,	karakit lumantar endahing tembang
Sinuba sinukarta,	direrengga (dihias) laras wiramane
Mrih kertarta pakartining ngelmu luhung,	supaya kaleksanan pranata-ne panembah marang Pangeran
Kang tumrap wong tanah Jawa,	kanggone wong ing laladan Jawa
Agama ageming aji.	Agama busana sing paling utama

Gancarane :

Ngatur mobah-mosike hawa napsu, minangka sarana anggone seneng nggulawenthah para putra kabeh, diwujudake lumantar endahe tembang, direrengga (dihias) laras karo wiramane. Supaya kaleksanan sakehe pranatan manembah marang Pangeran. Kanggone wong ing laladan Jawa, sabarang tumindak adhedhasar agama, iku kang paling utama.

b. Carane ngganepi cakepane tembang Pangkur:

1. Teges/maknane tembung kang dipilih kudu nyambung karo isine ukara.
2. Tembung kang dipilih kudu manut pathokan guru wilangan lan guru lagu.
   Tuladhane :

Sagung pra rawuh …. (a) → sedaya
Mugi pinayungan nugraha …. (i) → yekti
Asih tresna Alloh …. (u) → satuhu
Tansaha kasarira,
Puja-puji syukur saha sembah …. (u) → sujud
Konjuk ing ngarsa paduka,
Gusti Alloh maha …. (i) →suci

Gladhen 1 : Nggancarake Teks Tembang Macapat

1. Nggawea klompok dhiskusi.
2. Bebarengan karo klompokmu, gancarna tembang Pangkur ing ngisor iki.
3. Asile dhiskusi klompok, ditulis ana ing kertas lan dikumpulake.

Tinakdir ing alam donya,
Tinitah ikhtiyar angulir budi,
Lakune angudi ilmu,
Netepi tatakrama,
Samangsane manjing ing tataning srawung,
Dimen gesang bagya mulya,
Menep lahir uga batin.

4. Tembang ing ngisor iki ganepana nganggo tembung sing cocok lan pas karo guru wilangan lan guru lagu.

Pawitane para ….. (a),
Aja nglalekake maca lan …. (i),
Nimbaa sumbere …. (u),
Ngugemi tata….(a),
Minangka tatacarane ngangsu kawruh,
Tawadhu' uga tawakal,
Mungguh lair uga …. (i).

Gladhen 2 : Nyritakne Isine Teks Tembang Macapat

1. Asile anggonmu bebarengan nggancarake tembang macapat ing gladhen 1, owahana dadi basa krama!
2. Salah siji saka anggota klompokmu, majua ing ngarep kelas nyritakake isine tembang pangkur mau!

Pasinaon 3 :
Makarya Mandhiri: Nulis Teks Tembang Macapat

Gladhen nulis teks tembang macapat, sing paling wigati kudu migatekake pananggone pathokan guru gatra, guru

wilangan, lan guru lagu. Watak lan sasmitane saben-saben tembang, kaya dene tembang *pangkur* mau, uga kudu tetep digatekake

Gladhen 1: Nulis Teks Tembang Macapat

Carane nulis tembang Pangkur :

1. Pilihen temane!
   a. toleransi b. gotong royong c. rukun d. sopan santun
2. Nulise ukara sing ana sesambungane karo tema sing kokpilih saakeh-akehe.
3. Pilihen ukara sing koktulis mau, endi sing cocok lan nyambung antarane siji lan sijine.
4. Owahana tembung-tembung ing ukara sing kokpilih mau, laras karo cacahe wilangane tetembungan (*suku kata*) saben larik utawa gatrane.
5. Golekana dasanamane tembung-tembung sajerone ukara sing wis kokpilih lan kokowahi, banjur larasna karo guru lagune (swara vokal sing paling mburi). Yen kangelan golekana nganggo bausastra/kamus.
6. Sawise pakaryan 1 nganti tekan 5 mau rampung, tulisen maneh kanthi jangkep. Asile salinen ana kertas bufalo. Pajangen ing papan kang sumadya.

Gatra	Tembang: Pangkur	Guru wilangan	Guru lagu
1	....	8	a
2	....	11	i
3	....	8	u
4	....	7	a
5	....	12	u
6	....	8	a
7	....	8	i

Gladhen 2: Nglagokake Tembang Macapat

Ing wulangan sadurunge bocah-bocah wis nyinaoni tembang lan nglagokake tembang Pangkur. Supaya kancamu ngerti asile karanganmu, lagokna ana ngarepe kancamu saklas tembang Pangkur sing wis kokkarang!

GLADHEN WULANGAN 2

A. Pilihen jawaban sing paling bener!

Wacan ing ngisor iki wacanen, kanggo mangsuli pitakon no 1 nganti 5!

Bocah-bocah dha sekolah,
Wiwit biyen nalika isih cilik,
Sregepa anggolek ilmu,
Wayah esuk lan awan,
Ngrungokake parentahe para guru,
Lan bisa ngerti agama,
Agama ngarsaning Gusti.

1. Tembang ing dhuwur arane tembang .....
   A. Pucung
   B. Asmaradana
   C. Kinanthi
   D. Pangkur
2. Guru lagu lan guru wilangane tembang ing dhuwur yaiku ....
   A. 8a – 8i – 8u – 8e – 7a – 8i – 8i
   B. 8a – 11i – 8u – 7a – 12u – 8a – 8i
   C. 8h – 11k – 8u – 7n – 12u – 8a – 8i
   D. 8a – 11i – 10u – 7a – 12u – 8i – 8a
3. Unine swara saben pungkasaning gatra tembang macapat, diarani ....
   A. guru lagu
   B. guru wilangan
   C. guru swara
   D. guru gatra
4. Dene cacahe wanda saben gatra diarani ....
   A. guru lagu
   B. guru wilangan
   C. guru swara
   D. guru gatra

5. Sing ora kalebu pitutur kang ana sajeroning tembang, yaiku....
   A. Bocah-bocah kudu sregep sekolah
   B. Kudu tansah mirengake prentahe guru
   C. Wiwit cilik sregep golek ilmu
   D. Aja gelem ngudi kawruh agama

Kanggo soal nomer 6 nganti 10, gatekna tembang ing ngisor iki!

Bapak pucung, saben dina tansah bingung,
badanira panjang,
tutukira pan pesagi,
saben dina pucung nguntal buntutira.

6. Tembang ing dhuwur jenenge tembang ....
   A. Gambuh
   B. Pucung
   C. Sinom
   D. Mijil
7. Guru wilangan lan guru lagune gatra katelu ing tembang dhuwur yaiku ...
   A. 7i
   B. 8i
   C. 9i
   D. 10i
8. Tembang ing dhuwur satemene cangkriman. Batangane ...
   A. tali
   B. kalung
   C. sabuk
   D. ula
9. "*Nut jaman kapungkur tetep nyawiji*", ukara iki mujudake sasmitane tembang ....
   A. Pucung
   B. Pangkur
   C. Sinom
   D. Gambuh
10. "Badanira panjang" yen katulis nganggo aksara Jawa sing paling bener ....

A. [illegible]

B. [illegible]

C. [illegible]

D. [illegible]

B. Wacanen tembang ing ngisor iki!

Sagung pra rawuh sedaya,
Mugi pinayungan nugraha yekti,
Asih tresna Alloh satuhu,
Tansaha kasarira,
Puja-puji syukur saha sembah sujud,
Konjuk ing ngarsa paduka,
Gusti Alloh maha suci.

Wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Tembang ing dhuwur kalebu tembang apa?
2. Golekana guru gatra, guru wilangan, lan guru lagune!
3. Apa isine tembang mau?
4. "*Mugi pinayungan nugraha yekti*", apa tegese ukara kasebut?
5. Tembang ing dhuwur gancarna nganggo basamu dhewe!

WULANGAN 3
TOKOH LAN PENEMU

Kompetensi Dasar:

3.3	Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks lisan dan tulis berbahasa daerah (tentang tokoh dan penemu) yang memuat *ungkapan tradhisional.*
4.3	Menanggapi teks lisan maupun tulis yang memuat ungkapan tradhisional Jawa (*paribasan, bebasan.* dan *saloka)*.


Indikator:

3.3.1 3.3.2 3.3.3	Menjelaskan pengertian paribasan, bebasan, dan saloka. Membedakan paribasan, bebasan, dan saloka. Mengartikan ungkapan paribasan, bebasan, dan saloka.
4.3.1 4.3.2 4.3.3	Menuliskan tanggapan terhadap teks yang memuat ungkapan tradhisional Jawa. Membuat kalimat menggunakan ungkapan tradhisional Jawa.

Mbabar Wawasan

Wulangan iki ngrembug bab unen-unen (ungkapan) Jawa awujud *paribasan, bebasan,* lan *saloka*. Unen-unen mau dedunung sajerone teks profil tokoh nasional sing duwe pisumbang tumrap urip lan panguripaning kabudayan, bangsa, lan negara. Pasinaon iki, diajab bisa nuwuhake rasa syukur, nasionalisme, lan saguh ngajeni lelabuhane para paraga mau.

Coba setitekna gambar-gambar ing ngisor iki!



Gambar 1



Gambar 2

Yen wis cetha lan kokweruhi gambar-gambar mau gambare sapa, semaken uga geguritan ing iki.

Sunan Kalijaga

iki crita salah sijine Wali sanga
miturut *tembang rawat-rawat bakul sinambiwara*

Raden Mas Said, putra Adipati Wilatikta
Lokajaya, kondhange nalika dadi brandhal linuwih
seneng ngrampas bandhane wong sugih
wong cethil sing suthik dedana mbebagi asih

Bandha rampasan ora dipek dhewe
nanging didum-dumake
marang wong sing ora duwe
lan ora digatekake
sisane *kleyang kabur kanginan* pepindhane

Ing sawiji dina
Lokajaya ketemu wong tuwa
katon memelas ing tengah alas
"He wong tuwa, dak jaluk bandhamu apa nyawamu?!"

wong tuwa iku mesem grapyak sumanak
"Lokajaya, delengen kolang-kaling kae"
sakala kolang-kaling gumebyar rupa emas
Lokajaya kaget kepati
lir tinubruk mong luput pindha nirbudi

Lokajaya, yen ing donya iki
kang kok uber mung bandha donyaku
bebasane uripmu bakal *peteng tanpa lampu*

Ooo,...jebul kang dakrampog iki wong sekti
sing pantes dakdadekake guru pribadi
pepadhane *lir sumur lumaku tinimba* yekti
Lokajaya meguru sakehing ngelmi

Ing pungkase, Lokajaya njangkepi Wali Sanga
salin jeneng dadi Sunan Kalijaga
nyiptakake wayang kalawan gamelan
kanggo dakwah ing madyaning panguripan

Surabaya, 26 Mei 2016 (Widodo Basuki)

Sawise bebarengan nyemak gambar lan geguritan mau, kita bakal meruhi, cetha yen kabeh mau ana sesambungane karo gegambaran tartamtu. Gegambaran ngenani tokoh utawa paraga kang kawentar ing jagading sejarah nasional Indonesia.

Saiki coba wangsulana pitakon-pitakon iki:

1. Apa tegese tetembungan *Wali Sanga*?
2. Sapa wae tokoh sajerone gambar Wali Sanga ?
3. Sapa salah sijine tokoh Wali mau kaya kang dijlentrehake sajerone geguritan?
4. Apa wae sing wis ditindakake dening para wali mau?
5. Sapa wae sing kacetha sajerone gambar 2 ing dhuwur?
6. Apa bedane Wali Sanga karo tokoh-tokoh ing gambar 2?
7. Piye kalungguhan lan lelabuhane (*peranan*) tokoh-tokoh kang kacetha ing gambar 2?

Yen wis kokwangsuli kabeh pitakon mau, catheten kabeh, sajerone bukumu. Catheten uga katrangan iki:

Teks mau awujud guritan (puisi). Apa kowe kabeh wis ngerti, apa ta guritan iku? Guritan kuwi perangan saka reriptan sastra. Basane kaiket nganggo paugeran tartamtu. Kejaba kudu endah, basane guritan kudu manut paugerane wirama, matra, rima, lan carane nyusun pada (bait) lan larik. Jinise guritan Jawa ana loro: guritan tradhisional (kaya tembang macapat, singir, lan sapanunggalane) lan guritan modern (wujude geguritan).

Sajerone puisi Jawa modern kang katelah geguritan, bisa diweruhi panggunane basa kang ora sabaene. Tegese, kaiket karo rerengganing basa utawa ‘perhiasan bahasa, kalebu basa pinathok. Tuladhane kaya unen-unen, kang wujude kaya paribasan, bebasan, lan saloka.

Pasinaon 1
Modhel Teks Pinilih

Nyemak Teks Profil Tokoh Tartamtu



Raden Ngabehi Ranggawarsita kang asma timure Bagus Burhan, iku tedhak turune Sultan Hadiwijaya saka Pajang. Kanjeng ibune tedhak turune Sultan Trenggana, sultan kang nate jumeneng nata ing kraton Demak Bintara. Dadi Raden Ngabehi Ranggawarsita pancen *trahing kusuma, rembesing madu.* Eyang buyute kang ajejuluk Yasadipura I, kuwi uga mujudake pujangga Surakarta kang kawentar. Sauntara, kanjeng eyange uga pujangga kang misuwur, kang ajejuluk Yasadipura II.

Nalika nom-nomane, Bagus Burhan kadhawuhan ngenger lan sinau marang Kyai Imam Besari pemimpin Pesantren Gebang

Tinatar, ing tlatah Ponorogo. Ing tembe, Bagus Burhan dadi pawongan alim kang pinter ngaji. Sarampunge mondhok neng Gerbang Tinatar, Bagus Burhan mulih menyang Surakarta. Bagus Burhan banjur *sinengkakake ngaluhur*, kaangkat dadi putra wayah, dening Panembahan Buminoto (rayi dalem Sunan Pakubuwana IV). Panjenengane banjur winisuda dadi Carik Kadipaten Anom, ajejuluk Mas Pajanganom.

Bagus Burhan krama karo Raden Ayu Gombak lan banjur ndherek bapa marasepuhe, asmane Adipati Cakradiningrat kang nglenggahi Kadipaten Kediri. Jatu kramane paraga sakloron, *lir tumbu oleh tutup,* merga saka cocok lan pantese. Ing tembe, bebarengan karo Ki Tanujoyo, Bagus Burhan ngulandara lan maguru menyang Bali. Ana kana, panjenengane kelakon *njajah desa milang kori*, nyinau sakehing naskah kabudhan, kagungane Ki Ajar Sidalaku.

Bagus Burhan diwisuda minangka Panewu Carik Kadipaten Anom ajejuluk Raden Ngabei Ranggawarsita, ngganteni kalungguhane kanjeng eyange, Kyai Yasadipura II. Ora watara suwe, Ranggawarsita diwisuda maneh minangka pujangga Kasunanan Surakarta dening Kanjeng Sunan Pakubuwana VII.

Raden Ngabehi Ranggawarsita nyerat maneka warna reriptan sastra. Panjenengane misuwur minangka juru nujum, kanthi *tulus sawernaning guna kasantikan*. Ewasemana, senajan nduweni kalungguhan luhur, panjenengane kawentar cedhak karo kawula alit. Malah caket uga karo golongane wong *pidak pedarakan*. Ing babagan iki, Raden Ngabehi Ranggawarsita bisa *nglanggati wicaraning sato kewan*.

Reriptane Ranggawarsita akeh banget. Jinising reriptane, lir *ngreronce sekar sumawur*, maneka warna jinise, kaya ta: dongeng, babad, primbon, lakon wayang, reriptan ngenani basa lan kasusastraan, serat-serat wulang, pranatacara, filsafat, ramalan, nganti "ngelmu kasampurnan 'ajaran-ajaran mistik-religius Jawa". Kejaba kuwi, bebarengan karo sarjana sujana Walanda anama Winter, Ranggawarsita uga kasil nyusun sawijining Bausastra (Kamus) *Kawi-Jawi*. Kamus mau banget olehe migunani, nganti tekan jaman saiki.

Bausastra:

asma timur	:	jeneng nalika nom-nomane
tedhak turune	:	keturunan
jumeneng nata	:	madeg ratu, dadi raja
trahing kusuma, rembesing madu	:	(bebasan) turunane raja, tedhak turune ratu, bangsawan
ajejuluk	:	jeneng (gelar)-e, asma pakurmatan
pujangga	:	pengarang/ pangripta agung,
winisuda	:	diwisuda, diresmekake, diangkat
ngulandara	:	ngumbara
kalungguhan	:	jabatan
kawentar	:	misuwur ('terkenal')
reriptan	:	karangan, tulisan

Gladhen 1: Unen-unen Jawa Sajrone Teks

Saka sajerone teks naratif, kita perlu nyemak lelakon wigati sing tau dialami tokoh mau. Semono uga kabeh tumindak sarta pamikir sing bisa didadekake tuladha. Kejaba kuwi, saka wacan para siswa diajak migatekake perangan unen-unen (ungkapan) kang digunakake sajrone teks (katulis miring). Unen-unen mau, awujud paribasan, bebasan, lan saloka.



Patung R.Ng. Ranggawarsita

Unen-unen sajerone teks wacan mau, mangkene:

Unen-unen	Tegese
Trahing kusuma rembesing madu	Tedhak turuning ratu
Sinengkakake ngaluhur	Dimulyakake kanthi kalungguhan
Tulus sawernane guna kasantikan	Pinter sakehing ilmu
Pidak pedarakan	Wong cilik, fakir miskin
Ngreronce sekar sumawur	Nyerat sawernane kawruh

Sawise kowe kabeh maca kanthi titi, pitakon ing ngisor iki wangsulana kanthi cekak aos!

1. Apa irah-irahane wacan ing dhuwur?

   ....

2. Unen-unen sajerone teks, nggambarake sapa?

   ....

3. Sapa asma timure Raden Ngabei Ranggawarsita?

   ....

4. Kepriye wewatake Raden Ngabei Ranggawarsita nalika timur?

   ....

5. Apa wae reriptane Raden Ngabei Ranggawarsita?

   ....

6. Piye patrape Raden Ngabei Ranggawarsita marang wong cilik?

   ....

Gladhen 2: Unen-unen Sajrone Wacan

Wacanen maneh teks ing dhuwur, kanthi migatekake tegese unen-unen sing gumayut. Yen wis rampung, banjur katrangan ing ngisor iki wacanen kanthi titi lan tliti!

Nyinau Unen-unen Jawa

Unen-unen (*ungkapan* ing basa Indonesia) yaiku tetembungan kanthi teges kang mligi (*khusus*). Umume dijupuk saka reriptan sastra, nanging wis lumrah digunakake ing basa padinan. Wujude ana telu, yaiku *paribasan, bebasan, lan saloka*. Bebasan lan saloka sejatine ya paribasan, mung ana bedane sawetara.

Titikane unen-unen arupa paribasan, bebasan lan saloka:

1) carane nyusun tembung, wis gumathok (tetep, ora owah),
2) ana kang nduweni teges entar (*kiasan*), ana uga kang ateges wantah.
3) wujude ukara utawa kumpulane tembung (frase).
4) kalebu basa pinathok sajrone kasusastran Jawa.
5) surasa utawa karepe paribasan uga gumathok, sesambungan karo isining ukara, lumrahe arupa kumpulaning tembung: tetandhingan (*perbandingan*), pepindhan (*perumpamaan*), utawa pepiridan (saemper pasemon '*samaran*').

Tuladhane unen-unen sajroning *puisi modern* utawa geguritan kanthi irah-irahan *Sunan Kalijaga*, ing dhuwur:

Unen-unen	Tegese lugu	Karepe
Tembang rawat-rawat, bakul sinambewara	Lamat-lamat swara tembange wong bebakulan martakake sawijining bab	Pawarta kang sumebar keprungu tekan ngendi-endi papan
Gumebyar rupa mas sinangling	Mencorong kaya mas disepuh	Banget narik kawigaten merga endah lan cahyane
Tinubruk mong luput	Ditubruk macan ning ora kena	Kaget banget
Urip peteng tanpa lampu	Uripe sarwa bingung tanpa pepadhang	Kecingkrangan, nandhang reribet

Sumur lumaku tinimba	Tuke banyu sumberan lumaku dadi paran golek banyu (ngangsu)	Wong pinter sing dadi jujugane wong maguru

Sawise nyemak katrangan mau, wangsulana pitakon-pitakon iki!

1) Kepriye panyusune tetembungan sajerone unen-unen?
   ....
2) Apa kang dikarepake tetembungan ateges entar?
   ....
3) Kepriye wewujudane paribasan sajerone unen-unen?
   ....
4) Kena apa panyusune tembung ana unen-unen ora bisa diowah-owahi?
   ....
5) Surasane tetembungan jroning unen-unen ana pira? Coba sebutna sisi lan sijine!
   ....

Gladhen 3: Unen-unen Sajrone Tetembangan

Pranyata, unen-unen kaya dene paribasan mau, uga digunakake ana sajrone tembang (*macapat*, lan sapanunggalane) lan tetembangan (*tembang dolanan*)

Ngisor iki, tuladha anane unen-unen sajerone tembang dolanan.

Lir-ilir

Lir-ilir, lir ilir, *tandure wis sumilir,*
tak ijo royo-royo,
tak sengguh *temanten anyar,*
Cah angon, cah angon,
penekna blimbing kuwi,
lunyu-lunyu peneken,

kanggo masuh dodotira.
Dodotira, dodotira,
kumitir bedhah ing pinggir,
dondomana jlumatana,
kanggo seba mengko sore,
Mumpung padhang rembulane,
mumpung jembar kalangane,
yok suraka, surak hiya....

Bausastra:

sumilir	:	krasa seger katerak angin
tak sengguh	:	tak kira
masuh dodot	:	ngumbah dodot (jinising ageman), kain
kumitir	:	muter seser
jlumatana	:	jaiten, tambalen
seba	:	ngadhep ratu/ pangageng, Pangeran

Piye, apa kowe kabeh wis tau krungu tembang dolanan *Lir-ilir* kuwi? Mesthine wis, ya. Jalaran tembang iki misuwur banget ana ing sadhengah papan, sadhengah jaman. Wiramane apik, isine ya pancen becik. Akeh-akehe malah wis padha apal karo cakepan (lirik) tembang iki. Iya apa ora? Mbok manawa akeh uga sing seneng nembangake. Ujaring kandha, tembang iki uga yasane Kanjeng Sunan Kalijaga.

Kejaba enak dirungu lan ditembangake, isine pancen ya becik banget. Panganggone basa pas, ora angel, ning ya ora gampang-gampang banget. Sing narik kawigaten yen kita semak, sajerone tembang iki jebul akeh panganggone unen-unen.

1) Coba golekana unen-unen mau!
2) Terangna tegese saben unen-unen kang koktemokake.
3) Rakiten unen-unen mau sajerone ukaramu dhewe.

Sawise rampung anggonmu nggarap gladhen iki, catheten ana buku cathetanmu kanggo pangeling-eling. Bubar kuwi,

semaken katrangan sajerone gladhen ngisor iki, kanggo ngerteni panganggone paribasan.

Pasinaon 2
Bebarengan Ngrembug Paribasan

Ing pasinaon iki para siswa kaajak nggatekake teks wacan dheskriptif ngenani unen-unen Jawa. Kaajab kowe kabeh bisa nyumurupi apa bedane unen-unen siji lan sijine. Bebarengan karo kancamu sajerone klompok, bisaa negesi lan mbedakake paribasan, bebasan, lan saloka kaya kang ana sajerone wacan.

Gladhen 1: Negesi Unen-unen Sajrone Wacan

Sawise kowe kabeh bisa nyumurupi bab unen-unen, jinis lan titikane, semaken katrangan ngisor iki kanggo ngerteni teges lan panganggone paribasan!

Kanggo ngerteni teges lan panganggone paribasan, semaken tuladhane paribasan ngisor iki, kepriye tegese, lan kapan panganggone. Katrangan ngenani bab mau bisa dijupuk saka saripatine crita utawa dedongengan ngisor iki.

Kapisan:
Upamane bab paribasan *Kacang mangsa ninggala lanjaran.* Paribasan iki sambung karo critane simbahe Bima lan Rini, minggu kepungkur:

Ana wong sugih, dolan-dolan menyang desa, kepethuk karo bocah cilik siji, isih wuda mlaku ijen. Wong sugih mau banjur takon marang si bocah, tembunge: "Thole, kowe anake sapa?" Wangsulane, ora weruh jenenge bapakne, awit wong tuwane karo pisan, wus lawas anggone mati, sarta ora ana kang gelem ngopeni dheweke.

Wong sugih welas marang bocah mau, tumuli digawa mulih. Si bocah digulawenthah, dijenengake Dite, merga olehe nemu ing dina Minggu. Sabanjure dipasrahake marang guru, kareben sinau. Suwe-suwe kanggep kapinterane, banjur diangkat dadi panggedhening desa. Antara limang taun anggone dadi panggedhening desa, Si Dite digugat dening wong sadesa, jalaran olehe sawenang-wenang marang darbeking liyan. Wusanane Si Dite kabuwang sarta kacopot saka kalungguhane.

Satemene Si Dite iku anake maling. Maling mau mati marga ditumbak dening wong desa. Saking alaning kalakuwane, nganti ora ana kang sudi ngopeni anak-turune, ya si Dite mau. Mulane bener ujaring paribasan: *kacang mangsa ninggala lanjaran*. Dite, si anak, diupamakake kacang, kang ora bakal beda kelakuwane karo bapake. Bapake, kang dhemen maling mau, diupamakake lanjaran, papan winih, prambatane kacang panjang.

Kaloro:

Bab paribasan : *Kakehan gludhug kurang udan,* dijupuk saka buku crita ngenani sawijining bocah desa kang seneng mblenjani janji.

Ana bocah kang aran Si Thukul, senenge sok ngumbar kasaguhan marang kanca-kancane. Nanging kasaguhan mau ora tau temen, mung waton muni wae. Ing wayah sore Si Thukul dolan ing alun-alun karo bocah akeh. Ing kono metu kasaguhane maneh, tembunge: "*Heh kanca, mengko bengi menyanga omahku, dakwenehi buku wacan siji-siji*". Bareng bengi kanca-kancane teka temenan. Nanging Si Thukul digoleki ora ana, ndhelik ing buri omah. Dheweke sumelang yen ditagih janjine, awit satemene ora duwe buku wacan. Kanca-kancane muring-muring, banjur padha bali karo clathu: "Si Thukul kuwi ora sapisan iki wae olehe ngumbar janjine. Kabeh ora dituhoni. Dhasar bocah *kakehan gludhug kurang udan.* Kuwi gambaran kanthi unen-unen tumrap patrape Thukul.

(*Serat Paribasan*,
Dening Aryasutirta, 1931 : 788)

Unen-unen "*kakehan gludhug kurang udan*" sajerone teks mau, tegese: kakehan omong nanging ora ana bukti nyatane. Omongan, janji, dipindhakake *gludhug* sing banter swarane. *Kurang udan* mindhakake bukti nyata saka janjine mau.

Saka cathetan utawa katrangan mau bisa dingerteni yen paribasan iku mujudake perangan basa (wujude ukara utawa tetembungan) sajrone teks, arupa basa pinathok, panganggone tetep, lan digunakake kanggo nambah endahe teks wacan, utawa mbangetake surasane kahanan, wewatakan, utawa tumindake paraga.

Sawise nyemak katrangan mau, rembugen bareng kancamu saklompok. Pitakon-pitakon iki sesambungan karo tegese paribasan iki. Wangsulan kaya dene contone!

Unen-unen	Tegese
1. Mburu uceng kelangan dheleg	Ngoyak bab sing cilik, kelangan bab sing gedhe ajine
2. Tuna satak bathi sanak	Ngalami kapitunan sawetara nalika dedagangan, nanging nenambah paseduluran.
3. Sandhing kebo gupak	....
4. Sapa ngalah luhur wekasane	....
5. Ciri wanci lali ginawa mati	....
6. Ngalasake negara	....
7. Kenes ora ethes	....
8. Obah ngarep kobet mburi	....
9. Jer basuki mawa beya	....
10. Mbeburu kidang lumayu	....

11. Tinggal glanggang colong playu	....

Iki gambar apa?



Kaya kang wis diandharake sadurunge, kejaba paribasan, jinise unen-unen ana kang karan bebasan lan saloka. Diarani ***bebasan*** yen tegese paribasan mau sesambungan karo watak, kahanan, utawa tumindake manungsa. Diarani ***saloka*** menawa: tegese ukara utawa tetembungan, magepokan karo bab-bab kang digambarake kanthi pasemon utawa pepindhan mau.

Unen-unen Jawa arupa *paribasan, bebasan, lan saloka* mau kerep banget digunakake ana sajerone pagelaran wayang purwa, mligine perangan "gara-gara", kang sesambungan karo metune paraga punakawan kaya gambar ing dhuwur.

Bebarengan mbedakake paribasan, bebasan, lan saloka.

Paribasan	Bebasan	Saloka
Ajeg panganggone	Ajeg panganggone	Ajeg penganggone
Tegese lumrahe wantah, '*lugas*'	Tegese entar (*kias*)	Tegese entar
Ora nganggo gegambaran (tanpa kiasan)	Nganggo gegambaran arupa kahanan	Nganggo gegambaran arupa barang utawa kewan

Tanpa jejer (subjek)	Tanpa jejer (subjek)	Lumrahe ana jejere
Tetembungane ora kena diwolak-walik	Tetembungane ora kena diwolak-walik	Tetembungane ora kena diwolak-walik

Saka andharan mau, cetha yen bebasan lan saloka saemper karo paribasan. Bab iki nyata saka empere wujude, peranganing ukara utawa tetembungan tetep, ajeg, ora kena diowahi utawa diwolak-walik. Sing mbedakake bab ana lan orane perangan jejer lan wewatakaning tembung. Paribasan tembunge salumrahe tembung, dene bebasan lan saloka tembunge duwe teges entar.

Ing ngisor iki, tuladhane:

Jinis	Tuladha	Tegese
Paribasan	Ing ngarsa asung tuladha	Sipate pemimpin bisa dadi tuladha andhahane.
	Becik ketitik, ala ketara	Sembarang tumindak ala utawa becik wusanane bakal konangan
Bebasan	Lambe satumang kari samerang	Dituturi bola-bali meksa ora digugu
	Mikul dhuwur mendhem jero	Bisa njunjung drajate wong tuwa
Saloka	Mubra-mubru mblabur madu	Wong sing sarwa kecu-kupan uripe
	Pitik trondhol diumbar ing padaringan	Wong ala dipasrahi barang kang aji, wekasane malah ngentek- enteki

Unen-unen kuwi mujudake kumpulaning tetembungan sajerone ukara. Panganggone sajerone ukara mau ora padha karo tetembungan liyane. Rerakitan utawa carane nyusun tetembungan mau, kudu adhedhasar pranatan tartamtu. Tetembungane ana sing lumrah, wantah utawa lugas. Kadhangkala asipat entar, kias.
Unen-unen pancen mujudake panganggone basa kang khusus, mligi, laras karo karepe. Unen-unen rada beda karo basa salumrahe. Kejaba anane teges entar mau, pigunane unen-unen kang njalari endahe ukara, mbangetake karep, mbutuhake tembung mligi (khusus). Mula-bukane pancen kanggo ing jagade kasusastran, reriptan lawas, utawa sajerone jagading pewayangan. Suwe-suwe digunakake ing basa pedinan, reriptan umum, lan geguritan.

Gladhen 2: Nerangake Bedane Paribasan, Bebasan, lan Saloka

Bebarengan karo kanca-kancamu saklompok, garapen latihan carane mbedakake *paribasan, bebasan, lan saloka* lumantar isen-isenan ngisor iki. Semaken wujuding ukara, cocogna karo jinising unen-unen lan katrangan sakburine. Isinen aksara B yen katrangan mau pancen bener, nanging tulisen S, yen katrangan sakburine mau salah.

No	Ukara	Jinise	A / B
1.	Ora ana kukus tanpa geni	Bebasan	S
2.	Lumpuh ngideri jagad	Paribasan	B
3.	Nabok nyilih tangan	Saloka	.....
4.	Ngalasake negara	Saloka	.....
5.	Palang mangan tandur	Bebasan	.....
6.	Kebo nusu gudel	Saloka	.....

7.	Kere munggah bale	Bebasan	.....
8.	Sirah gundhul dikepeti	Paribasan	.....

Katrangan :

1. Unen-unen tumrap ukara " ...*Ora ana kukus tanpa geni*....."
   Yen digatekake titikane dudu bebasan, yaiku:
   a. Unen-unen kang ajeg penganggone, iki bener mergane perangane ora kena diowahi.
   b. Duwe teges entar, kamangka kukus lan geni, pancen nyata, pirembugane bab kukus pancen duwe teges lumrah, sanyatane.
   c. Nduweni jejer, yaiku kukus (kang tanpa geni).
   d. Mawa gegambaran, kang digambarake kahanan.
   Mula saka iku, wangsulan tumrap nomer iki: pancen S utawa salah, jalaran sing bener *paribasan*.

2. Unen-unen tumrap ukara " ...*lumpuh ngideri jagad*.....", diwangsuli kanthi B utawa bener. Wangsulan iki pancen bener, jalaran unen-unen mau nduweni titikane *paribasan*, yaiku:
   a. Unen unen kang ajeg panganggone.
   b. Duwe teges wantah (lumrah).
   c. Ora nganggo gegambaran (kiasan).

Rembug lan garapen bebarengan soal-soal dhuwur mau, kanthi katrangan kaya tuladhane!

Pasinaon 3
Makarya Mandhiri: Ngrakit Ukara

Ing pasinaon iki para siswa kaajak gawe utawa ngrakit ukara ringkes, kang ngandut unen-unen Jawa. Diajab siswa kabeh bisa nulis kanthi kabisane dhewe-dhewe.

Gladhen 1: Ngrakit Ukara Kanthi Unen-Unen Jawa

Ing pasinaon iki bocah-bocah kabeh bakal diajak sinau ngrakit ukara kanthi nganggo unen-unen basa Jawa. Ana kene, pangetrapane paribasan, bebasan, lan saloka ana ing ukara. Kanggo ngrakit ukara mawa unen-unen Jawa, ana bab sing kudu digatekakake, yaiku kudu mangerteni tegese unen-unen (ungkapan) kasebut luwih dhisik. Pangrakite ukara nganggo unen-unen Jawa, ditindakake miturut golongane sing wis ditata.

Gawea ukara nganggo unen-unen arupa paribasan kang wis cumepak!

No.	Paribasan	Teges /karepe
1	Njajah desa, milang kori	Mideri panggonan nganti tekan ngendi-endi
2	Abang-abang lambe	Guneme mung lamis
3	Wani ngalah, luhur wekasane	Wong kang ngalah bakal nemu kabegjan ing tembe burine
4	Kenes ora ethes	Wong sing sugih nanging ora disenengi
5	Durung becus kaselak besus	Seneng umuk nanging ora mrantasi karya (sembada)
6	Sabaya pati, sabaya mukti	Bungah lan susah bakal dilakoni bebarengan.

Ukarane:

1) ....
....

2) ....
....

3) ....
....

4) ....
....

5) ....
....
6) ....
....

Gladhen 2: Ngrakit Ukara Nganggo Bebasan

Gawea ukara nganggo tetembungan arupa unen-unen kang wis cumepak!

No.	Bebasan	Teges/karepe
1	Ungak-ungak pager arang	Duwe melik (pengin marang) bandhane liyan.
2	Yitna yuwana, lena kena	Sing ngati-ati bakal slamet, sing sembrana cilaka.
3	Cincing-cincing meksa klebus	Karepe ngirit, nanging malah entek akeh.
4	Udan tangis	Akeh wong sing kesusahan amarga ketaman bencana.
5	Sepi ing pamrih rame ing gawe	Nindakake pagawean kanthi ora duwe kamelikan apa-apa.
6	Sadawa-dawane lurung isih dawa gurung	Kabar iku mesthi sumebar adoh, lan adoh karo kanyatane.

Ukarane:

1) ....
....
2) ....
....
3) ....
....
4) ....
....
5) ....
....

6) ....
....

Gladhen 3: Ngrakit Ukara Nganggo Saloka

Gawea ukara nganggo tetembungan arupa unen-unen kang wis cumepak!

No.	Saloka	Teges /karepe
1	Kuntul diunekake dhandhang	Wong becik dianggep wong ala.
2	Kutuk nggendhong kemiri	Wong kang nganggo sarwa aji (apik) liwat dalan kang mbebayani.
3	Kodhok nguntal gajah	Wong duwe kekarepan sing mokal kalakone.
4	Kebo kabotan sungu	Wong ngrekasa uripe marga kabotan butuh, kakehan anak.
5	Kebo nusu gudel	Wong tuwa njaluk wuruk marang wong enom.
6	Jamur tuwuh ing sela	Wong kang uripe memelas.

Ukarane:

1) ....
....
2) ....
....
3) ....
....
4) ....
....
5) ....
....
6) ....
....

GLADHEN WULANGAN 3

A. Semaken teks wacan ngisor iki kanthi setiti!

Nututi Layangan Pedhot

Ing wayah bengi Pak Suta kelangan kandhi isi kacang ijo, esuke lapur marang Kyai Bekel (yen jaman saiki: *lurah*). Sanalika Kyai Bekel kongkonan anggoleki sakiwa-tengening desa, sarta anggledhahi omahe wong ing desane dhewe, nanging ora ketemu.

Sarehne Kyai Bekel sumelang yen diluputake parentah (*pimpinan*), mulane banjur kongkonan maneh wong telu, diopahi nyaringgit. Enggone nggoleki wus oleh salapan dina, *durung oleh titik*, malah-malah Kyai Bekel isih kelangan dhuwit maneh kanggo ngopah-opahi.

Gunggunge dhuwit kang kagawe golek katrangan, wus tikel sapuluh karo ajine kacang mau, nanging meksa durung bisa oleh katerangan. Kawuwuhan bareng priyayi Dhistrik (jaman saiki: *kecamatan*) ngrungu, yen ing desa kono ana wong kemalingan, bekele ora tumuli lapur, Kyai Bekel banjur katimbalan sarta didukani akeh-akeh.

(*Serat Paribasan*,
Dening Aryasutirta, 1931 : 788)

B. Wangsulana pitakon-pitakon iki :

1) Apa irah-irahane wacan mau?
   ....
2) Crita mau paragane sapa wae?
   ....
3) Apa wae sing dirembug sajerone crita?
   ....

4) Kepriye sesambungane irah-irahan kelawan isining crita?
   ....
5) Tetembungan sajerone irah-irahan nduweni teges kang lumrah (*lugas*), apa entar (*kiasan*)? Paringana katrangan kang cetha!!
   ....
6) Apa tegese irah-irahan mau sesambungan karo teks wacan?
   ....
7) Irah-irahan mau kalebu jinising unen-unen apa?
   ....
8) Mathuk apa ora manut panemumu unen-unen sing digunakake kanggo irah-irahan?
   ....

C. Wangsulana pitakon iki kanthi milih salah siji saka patang wangsulan sing cumepak (a,b, c, utawa d)!

1) Unen-unen Jawa, tegese ....
   A. tetembungan tartamtu sajerone ukara, kang ora nduweni titikan tartamtu.
   B. tetembungan tartamtu sajerone ukara, kang nduweni titikan lan piguna tartamtu.
   C. tetembungan tartamtu kang endah.
   D. tetembungan sajerone ukara, kang kasusun miturut adat.
2) Unen-unen sajerone basa lan kasusastran Jawa cacahe ana....
   A. lima
   B. papat
   C. telu
   D. loro
3) Sing kalebu unen-unen Jawa, yaiku....
   A. bebasan, paribasan, saloka
   B. bebasan, saloka, pepindhan,
   C. saloka, paribasan, pepindhan
   D. saloka, baradha, pepindhan

4) Sing padha antarane paribasan, bebasan, lan saloka yaiku ....
   A. tetembungane tetep, cacahe ganep
   B. tetembungane tetep, isine owah
   C. tetembungane tetep, ora owah
   D. tetembungane tetep, ganep, bisa owah
5) Sing mbedakake antarane paribasan kalawan bebasan lan saloka ....
   A. Tembunge lumrah, dene bebasan lan saloka tembunge entar.
   B. Tembunge lumrah, bebasan lan saloka tembunge endah.
   C. Tembunge ora lumrah, bebasan lan saloka tembunge lugu.
   D. Tembunge ora lumrah, bebasan lan saloka tembunge lumrah.
6) Tegese paribasan *nututi layangan pedhot ....*
   A. Nindakake pakaryan kang angel kelakone.
   B. Nindakake pakaryan kang gampang kelakone.
   C. Nindakake pakaryan kang angel oleh-olehane.
   D. Nindakake pakaryan kang gampang oleh-olehane.
7) Tegese bebasan *kebo kabotan sungu* ....
   A. Wong kang kesrakat uripe merga dhemen apus-apus.
   B. Wong kang kesrakat uripe merga dhemen mangan turu.
   C. Wong kang kesrakat uripe merga kakehen anake.
   D. Wong kang kesrakat uripe merga kakehen pakaryane.
8) Tegese saloka *jer basuki mawa beya ....*
   A. Amrih bisa mulya, butuh pangurbanan.
   B. Amrih bisa sugih, butuh utangan.
   C. Amrih bisa pinter, butuh sekolah dhuwur.
   D. Amrih bisa seneng, butuh msngsn enak.

D. Gawea ukara nganggo unen-unen ngisor iki!

1. Rawe-rawe rantas malang-malang putung
   Ukarane:
   ....
   ....

2. Si Cebol nggayuh lintang
   Ukarane:
   ....
   ....
3. Udan tangis
   Ukarane:
   ....
   ....
4. Kumenthus ora besus
   Ukarane:
   ....
   ....
5. Abang-abang lambe
   Ukarane:
   ....
   ....

E. Kepriye panemumu ngenani panganggone unen-unen ana sajerone ukara?

....
....
....

UJI KOMPETENSI SEMESTER 1

A. Pilihen jawaban sing paling bener!

Wacan ing ngisor iki wacanen kanggo mangsuli pitakon no 1 nganti 5!

UWUH

Uwuh utawa sampah tambah dina ora suda nanging tansaya tambah nganti matikel-tikel. Kahanan mau bisa didelok ana sakiwa-tengene awake dhewe. Uwuh mumbruk ing ngendi-endi nyepeti mripat ambune nduleg irung, amis campur basin. Uwuh plastik pating kleler ing sadhengah papan. Bisa dibayangake piye kahanan bumi iki mbesuke, yen uwuh ora dikelola kanthi becik.

Kudu ana kesadaran saka awake dhewe kanggo miwiti, saka tumindak sing paling sepele lan gampang dilakoni yaiku buwang uwuh ana panggonane. Yen nganti ora sumadya panggonan kanggo mbuwang uwuh ing sakiwa tengenmu, gawanen dhisik uwuh mau nganti nemokake panggonan mbuwang uwuh sing samesthine. Diajab ana kesadharan pribadi-pribadi kanggo mbuwang uwuh kanthi bener. Iku bakal bisa nulari wong-wong ing sakiwa-tengene pribadi-pribadi mau.

1. Teks ing dhuwur manut jinise kalebu teks ….
   A. teks pawarta
   B. teks persuasi
   C. teks sesanti
   D. teks pariwara
2. Ukara ing ngisor iki mujudake ukara inti saka paragrap 1 yaiku ….
   A. Uwuh mumbruk ing sadhengah papan.
   B. Uwuh ora dikelola kanthi becik.
   C. Uwuh plastik kleler ing sadhengah papan.
   D. Uwuh ambune amis campur basin.

3. Ukara sing wujud ukara pangajak ana ing paragrap ….
   A. 1
   B. 2
   C. 3
   D. 4
4. Uwuh utawa sampah tambah dina ora suda nanging tansaya tambah nganti **matikel-tikel.** Matikel-tikel tegese….
   A. tambah akeh
   B. tambah numpuk
   C. tambah sithik
   D. tambah mumbruk
5. **Diajab** ana kesadaran pribadi kanggo mbuwang uwuh kanthi bener. Diajab tegese ….
   A. dijaluk
   B. dienteni
   C. dikongkon
   D. diarep-arep

Wacan ing ngisor iki wacanen kanggo mangsuli pitakon no 6 nganti 10!

Negriku Indonesia,
Nut jaman kapungkur tetep nyawiji,
Nunggal ingkang den ginayuh,
Karaharjaning bangsa,
Loh jinawi subur kang sarwa tinandur,
Murah sandhang lawan pangan,
Karukunan kang jinagi.

6. Tembang ing dhuwur kalebu tembang ….
   A. Durma
   B. Gambuh
   C. Pangkur
   D. Pucung
7. Cacahe guru gatrane tembang ing dhuwur ….
   A. 7
   B. 8
   C. 9
   D. 10
8. Guru wilangan lan guru lagune gatra kaloro ing tembang dhuwur ….

A. 9i
B. 10i
C. 11i
D. 12i

9. Andharan ing ngisor iki sing cocok karo gancarane gatra katelu yaiku ….
   A. ya mung siji sing dicita-citane
   B. cita-citane kabeh padha
   C. rukun wiwit jaman biyen
   D. alam subur, urip kabeh sing ditandur
10. Sasmitane tembang ing dhuwur manggon ing gatra ke ….
   A. 1
   B. 2
   C. 3
   D. 4
11. ”Asu belang kalung wang” Saloka iki yen ditulis nganggo aksara Jawa sing bener yaiku….
   A. [illegible]
   B. [illegible]
   C. [illegible]
   D. [illegible]
12. Unen-unen kang ngemu teges wantah diarani ….
   A. paribasan
   B. saloka
   C. sanepa
   D. bebasan
13. Ing ngisor iki tuladha paribasan ....
   A. Bathok bolu isi madu
   B. Rawe-rawe rantas, malang-malang putung
   C. Cebol nggayuh lintang
   D. Nabok nyilih tangan
14. *Njagakake endhoge si blorok*. Unen-unen kasebut tegese …..
   A. Wong kang pagaweyane ngingu pitik.
   B. Saben dina mangan lawuhan endhog.
   C. Ngarep-arep barang sing durung mesthi.
   D. Wong pinter kang muspra nanging ora dianggo.

15. Ungkapan ing ngisor iki kalebu jinise saloka ....
    A. Blilu tau, pinter durung nglakoni
    B. Tutwuri handayani
    C. Kerot ora duwe untu
    D. Kebo nusu gudel

B. Wangsulan pitakon ing ngisor iki!

1. Apa bae sing kalebu teks informasi? sebutna!
2. Apa bae cirine teks persuasi? Sebutna!
3. Apa sing dimakasud karo guru gatra, guru wilangan lan guru lagu? Jelasna!
4. Apa sing diarani paribasan! Jelasna!
5. " Becik ketitik, ala ketara". Paribasan iki tegese apa?

C. Tindakna manut prentahe!

1. Nggawea teks slogan bebas kanthi tema lingkungan!
2. Tembang ing ngisor iki ganepana nganggo tembung sing laras tegese, guru wilangan lan guru lagune!

   Pawitane para ….. (a)
   Aja nglalekake maca lan nulis
   Nimbaa sumbere …. (u)
   Ngugemi tata….(a)
   Minangka tatacarane ngangsu ….(u)
   Tawadhu' uga tawakal
   Mungguh lair uga …. (i)

3. Nulisa saloka loro bae sategese!

WULANGAN 4
GLOBALISASI

Kompetensi Dasar:

3.4	Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks lisan dan tulis berbahasa daerah yang memuat *cangkriman.*
4.4	Bermain tebakan dengan *cangkriman.*

Indikator:

3.4.1	Menjelaskan pengertian *cangkriman.*
3.4.2	Menyebutkan ciri-ciri *cangkriman.*
3.4.3	Menafsirkan isi *cangkriman.*
4.4.1	Membuat *cangkriman.*
4.4.2	Menggunakan *cangkriman* dalam bermain tebak-tebakan.

Mbabar Wawasan

Sawise sinau wulangan 4 iki, kaajab bocah-bocah bisa: ngarani pangertene cangkriman, njlentrehake titikane cangkriman, lan bisa mbatang isine cangkriman. Sabanjure, bocah-bocah uga kaajab bisa gawe utawa nulis cangkriman, sarta nggunakake cangkriman mau kanggo badhekan karo kanca-kancane.

Lagokna tembang ing ngisor iki bebarengan karo kancamu!



Sumber:http://nurdwi-rizkiana.blogspot.sg

Bapak pucung buntut dawa sirah gembung,
Mbanterake swara,
Lamun urip nganggo listrik,
Munggah panggung saben ana adicara.

Sawise nembang bebarengan, coba wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Tembang ing dhuwur diarani tembang apa?
2. Isine tembang ing dhuwur satemene mujudake cangkriman. Apa batangane?
3. Coba goleka tembang liyane sing uga ngandhut cangkriman. Rembugen karo klompokmu!

Pasinaon 1
Modhel Teks Pinilih

Ana ngarep bocah-bocah wis nglagokake tembang Pucung kang isine cangkriman. Ing pasinaon 1 iki bakal dirembug bab cangkriman sajrone teks kanthi tema "Globalisasi". Bocah-bocah kudu nggatekake apa sing dingendikakake Bapak utawa Ibu Guru, gelem utawa wani nyuwun pirsa menawa ana bab sing durung dimangerteni.

Semaken gambar ing ngisor iki!



Gawea ukara pitakon sing mathuk karo isine gambar ing dhuwur, banjur ijolna karo kancamu! Wangsulana ukara pitakone kancamu adhedhasar isine gambar!

Ukara pitakonku:
....
....
Wangsulane kancaku:
....
....

Wacanen sing tliti!

Globalisasi

Saiki jamane wis maju. Samubarang gawe wis nggunakake piranti sing sarwa modheren. Kabeh ngarani iki jaman globalisasi. Yen jaman biyen, kenthongan digunakake kanggo tandha anane bebaya, umpamane titir terus-terusan tandhane ana banjir gedhe. Mula para warga kudu enggal metu saka omah lan ngungsi golek papan sing aman. Saiki kenthongan mau wis diganti nganggo piranti canggih kaya dene sirine sing otomatis bakal muni menawa ana banjir utawa tsunami. Semono uga menawa ana gunung mbledhos, angin gedhe, lan liya-liyane.

Nalika ana dulur adoh sing arep kirim kabar, ora kudu ngenteni surat sing tekane bisa pirang-pirang dina. Cukup nganggo telepon utawa *handphone*, sakala kabar mau wis bisa teka marang wong sing dituju.

Perusahaan sing duwe cabang ing ngendi-endi, upamane nganti ana manca negara, bisa nganakake rapat bebarengan tanpa kudu padha lungguh *sapejagong*. Ngono mau adate wong sing lagi rapat. Saiki patemone wong sing beda panggonan, bisa kaleksanan kanthi sarana teknologi canggih. Ya patemon ngono kuwi sing diarani *teleconference*. Ana kene digunakake *audio conference* lan *video conference*. Yen *audio conference* mung nggunakake swara, nanging *video conference*, saliyane krungu swarane, uga bisa ndeleng gambare wong sing lagi padha melu rapat.

Biyen wong dol-tinuku iku kudu ana pasar, toko, utawa panggonan saemper liyane. Saiki ana pasar modheren sing nggunakake majune teknologi. Umpamane: dodolan sarana *online*. Olehe nawakake barang cukup nganggo internet. Semono uga sing

tuku, ora usah mara nanging uga cukup nganggo internet, telephon, *WhatsApp,* sms, lan liya-liyane. Kabeh dadi sarwa gampang, cepet, lan kepara malah bisa luwih murah regane. Kanyatan kuwi mau kang bisa diweruhi ing era globalisasi saiki.

Banjur, apa satemene *globalisasi* iku? *Globalisasi* asal saka tembung "*globe*", '*bola dunia*' banjur dadi global, sing tegese *mendunia*. Salah sijine ahli kang asma Kenichi Ohmae mratelakake menawa globalisasi iku bisa digambarake menawa donya iki tanpa wates, amarga saka majune ilmu pengetahuan lan teknologi, mligine teknologi informasi.

Globalisasi bisa ditengeri saka:

1) Tipise wates antar negara, tegese kedadean ing sawijining negara gampang banget diweruhi dening wong ing negara liyane. Kanggo nyumurupi kadadean ing sawijining negara, wong ora perlu lunga menyang negara kasebut. Kanthi mangkono, kaya-kaya negara-negara sadonya dadi siji tanpa wewatesan.
2) Pawarta saindenging jagad, cepet banget sumebare. Iki kabeh saka tansaya canggihe sistem komunikasi kaya dene TV, HP, internet, lan liya-liyane.
3) Saya majune dol-tinuku utawa *perdagangan* antarane negara siji lan sijine.

Globalisasi gedhe banget pangaribawane tumrap sawijining negara. Ana dhampak sing positip (apik, nguntungake), nanging uga ana sing negatip (ala, ngrugekake, nggawa kapitunan).

Dhampak positif globalisasi, yaiku:

1) Masyarakat tansaya maju,
2) Tekade wong kanggo nyambut gawe tansaya gedhe,
3) Komunikasi tansaya gampang, amarga kabukake ruwang sosial,
4) Anane pasar global,
5) Mlebune kabudayan asing sing bisa nyengkuyung budaya nasional.

Globalisasi pancen akeh mupangate (*dampak positif*) nanging uga bisa ndadekake masalah (*dampak negatif*).

Dhampak negatip globalisasi, yaiku:

1) Negara sing maju nduweni kuwasa sing luwih gedhe,

2) Nuwuhake sipat konsumtip lan boros,
3) Barang gaweane luwar negri bisa ngalahake barang gaweane jrone negri,
4) Lunture rasa nasionalisme,
5) Lapangan kerja tansaya sethithik amarga indhustri nggunakake mesin modheren,
6) Rusake lingkungan,
7) Lunture kabudayan lan nilai-nilai luhur bangsa, uga
8) Lunture sipat kakulawargan lan gotong royong.

Mula saka iku, bocah-bocah kabeh, sing ing tembe bakal dadi saka gurune bangsa, kudu bisa nyaring pangaribawa saka manca negara mau. Pamrihe supaya bangsa Indonesia mbesuke ora bakal kelangan *jati dhiri*. Ora kelangan budaya kang nyata adiluhung. Kepara malah kudu bisa mbudidaya amrih lestari lan ngrembakane budaya bangsa. Salah sijine yaiku budaya Jawa sing nyata adiluhung, kang awujud cangkriman.

Wong Jawa iku sugih banget unen-unen sing kasebut cangkriman. Tuladhane: *pitik walik saba kebon* (batangane: nanas), *dikethok malah mundhak dhuwur* (batangane: clana), lan sapanunggalane.

Bausastra:

samubarang gawe	= sakrenane penggawean
piranti	= alat, sarana, prangkat
bebaya	= bahaya, bencana
titir	= wiramane kenthong sing dithuthuki terus
enggal-enggal	= age-age, cepet-cepet '*segera*'
tsunami	= gelombang pasang sing gedhe
panggonan	= tlatah, tempat
dol tinuku	= dedagangan, jual beli
mratelakake	= nerangake, ngandharake
nyumurupi	= mangerteni, meruhi
pawarta	= informasi, berita
mupangate	= manfaate, gunane

Gladhen 1: Mangsuli Pitakon Bab Globalisasi

Wangsulana pitakon ing ngisor iki adhedhasar wacan ing ngarep!

1. Apa tegese globalisasi? Coba jlentrehna!
2. Apa sing nyebabake pawarta saindenging jagad raya iki cepet banget sumebare?
3. Apa pengaruhe globalisasi tumrap seni lan budaya bangsa?
4. Sapa sing kudu nglestarekake lan ngrembakakake kabudayan Indonesia?
5. Apa sing kudu ditindakake supaya bangsa Indonesia ora kelangan jati dhirine?

Gladhen 2: Mengerteni Bab Cangkriman

A. Wacanen sing tliti!

Arya durung gelem leren anggone ndeleng TV, najan wektu wis nuduhake jam sanga bengi. Ibune bola-bali ndhawuhi supaya Arya leren olehe ndeleng TV. Arya kudu nerusake olehe sinau lan nata buku, supaya sesuk ora ana buku sing keri kaya adate.

Karo rada mbesengut, Arya mateni TV banjur mlebu kamar. Sadurunge mlebu kamar, dheweke sing kober nyaut HPne mbakyune sing gemlethak ana meja cedhak lawang kamare. Ora sinau lan nata buku, Arya malah mbukak *game* ana HP. Ora krasa olehe dolanan nganti bengi. Pungkasane Arya malah keturon.

Tangine kawanen, sawise bola-bali ibune nimbali saka pawon. Arya age-age mlayu adus, banjur budhal sekolah. Ora kober sarapan amarga wis kawanen.

Tekan sekolahan wis sepi. Lawang kelase wis ditutup. Karo rada keweden, Arya ndhodhog lawang lan uluk salam. Bu Yuni banjur mbukak lawang lan ngutus Arya mlebu kelas. Arya isin lan bingung banget nalika kanca-kancane padha ngguyu kemekelen. Apa maneh kancane sing jenenge Bintang banjur alok banter.

"Arya...kowe lali ora nggawa *sega sakepel dirubung tinggi* ya? Trus piye iki? Sida batal olehe arep praktik gawe manisan."

Arya sing kadhung bingung tansaya bingung. Ora ngerti apa karepe Bintang. Dheweke banjur semaur," Ngapa kok segane dirubung tinggi?" Krungu sumaure Arya, bocah sakelas ora bisa ngempet olehe ngguyu, nganti kepingkel-pingkel.

Bu Yuni mula banjur ngutus bocah-bocah supaya meneng amarga mesakake mirsani Arya sing telat lan digawe bingung kanca-kancane.

Arya nembe kelingan, dina iki ana pelajaran basa Jawa. Sing disinaoni bab cangkriman. Yen eling kedadeyan kuwi, Arya malih kudu ngguyu. Wiwit dina iku dheweke ora tau ndelok TV lan dolanan nganti bengi. Arya ora kepingin kisinan maneh.

Arya banjur kelingan nalika ndherek ibu lan bapak sowan daleme simbah, menyang Tulungagung. Simbah sing pancen wasis nembang, banjur muruki Arya nembang. Ngene tembange:

Nyata kowe wasis-sis
Batangen sing gelis, lis lis lis
Cangkriman telu iki
Pitik ndhase telu, batangane apa
Jangkrik sungut slawe, batangane apa
Bapak demang klambi abang, bang bang bang
Disuduk manthuk manthuk.

Dhawuhe simbah isine tembang iku uga cangkriman. "Wah... ngerti aku saiki....", ngono guneme Arya.

Bocah-bocah, apa cangkriman iku? Ayo bebarengan padha nyemak piwulang ing ngisor iki!

B. Mangerteni Cangkriman

Cangkriman yaiku unen-unen sing kudu dibedhek utawa dibatang maksude. Mula saka iku, cangkriman uga diarani bedhekan utawa batangan. Cangkriman iku wujude ana 4, yaiku:

1. cangkriman sing wujude wancahan (cekakan),
2. cangkriman sing wujude pepindhan (irib-iriban),

3. cangkriman sing wujude plesetan, lan
4. cangkriman sing sinawung ing tembang.

C. Wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Apa cangkriman kuwi?

   ....

2. Apa titikane cangkriman?

   ....

3. Jinise cangkriman kuwi ana pira? Coba aranana!

   ....

4. Tulisen tuladane cangkriman manut jinise!

   ....

Pasinaon 2:
Ayo Makarya Bebarengan

Bocah-bocah, ing pasinaon 2 iki ayo padha sinau bab isine cangkriman. Supaya luwih gampang lan nyenengake olehe sinau, mula lakonana bebarengan karo klompokmu!

Gladhen 1 : Nyumurupi Isine Cangkriman

Semaken andharan ing ngisor iki, banjur tindakna manut prentahe!

1. Cangkriman sing wujude wancahan (cekakan)

Tuladhane:

a. Wiwa wite, lesmba dhonge, karwa pake, batangane *uwi dawa wite, tales amba godhonge, cikar dawa tipake.*

b. Pakbo letus, batangane *tipak kebo lelene satus*.

Bedheken cangkriman sing wujude *wancahan* (cekakan) ing ngisor iki kaya tuladhane! Rembugen dhisik bebarengan karo klompokmu! Golekana wangsulane ana ing sisih ngisore!

1. burnas kopen = *bubur panas kokopen*
2. buta buri =
3. gerbong tulis =
4. karla dheren =
5. pakbomba, paklawa, pakpiut =
6. rangsinyu, muksitu =
7. segara beldhes =
8. tulus kerda =
9. tuwok rawan =
10. wit thoyung =

Pilihan Bedhekan	
1	*Pager kobong, watune mendhelis*
2	*Untuk krowok larane ora karu-karuan*
3	*Mbakar tela sumendhe keren*
4	*Bubur panas kokopen*
5	*Jurang isi banyu, gumuk isi watu*
6	*Watu alas disengker walanda*
7	*Tebu ditata mlebu lori*
8	*Yen dijiwit atho biyung*
9	*Segane pera sambele pedhes*
10	*Tapak kebo amba, tapak ula dawa, tapak sapi ciut*

2. Cangkriman sing wujude pepindhan (irib-iriban)

Tuladhane:

a. Sega sakepel dirubung tinggi, batangane salak

b. Gajah nguntal sangkrah, batangane pawonan

Bedheken cangkriman sing wujude *pepindhan* (irib-iriban) ing ngisor iki bebarengan karo klompokmu!

No.	Cangkriman	Badhekane
1	Bosok malah enak	....
2	Mboke dilus-elus anake diidak-idak	....
3	Emboke wuda anake tapihan	....
4	Kayu mati ginubet ula mati	....
5	Pitik walik saba kebon	....
6	Tibane ngisor, digoleki ndhuwur	....
7	Wit adhikih woh adhakah	....
8	Dikethok malah mundhak dhuwur	....
9	Dilebokne malah metu	....
10	Bocor malah kebak	....

3. Cangkriman sing wujude plesetan

Tuladhane:

a. Wong wudunen iku sugih pari. Pari apa? Paringisan.

b. Ana gajah numpak becak, ketok apane? Ketok mbujuke.

Bedheken cangkriman sing wujude *plesetan* ing ngisor iki bebarengan karo klompokmu!

No.	Cangkriman	Badhekane
1	Ana tulisan arab, macane saka ngendi?	....
2	Wong adol krambil dikepruki.	....
3	Lawa lima kalong telu dadi pira?	....
4	Urang sapikul matane pira?	....
5	Sing endhek didhudhuk, sing dhuwur diurug	....

4. Cangkriman sing sinawung ing tembang

Tuladhane:

Bapak pucung renteng-renteng kaya kalung,
Dawa kaya ula,
Pencokanmu wesi miring,
Yen lumaku si pucung ngumbar swara.

Badhekane: sepur

Bedheken cangkriman sing sinawung ing tembang ana ngisor iki bebarengan karo klompokmu!

1. Bapak pucung endi elor endi kidul,
   Laku tapa brata,
   Mung kepingin bisa malih,
   Dadi kupu si pucung wedaring tapa.
   Badhekane: ....

2. Bapak pucung amung sirah lawan gembung,
   Padha kinunjara,
   Mati sajroning ngaurip,
   Mijil baka si pucung dadi dahana.
   Bedhekane: ....

Gladhen 2: Nggunakake Cangkriman

Ing ngarep bocah-bocah wis sinau bab isine cangkriman. Satemene gampang lho ngapalne cangkriman iku. Sing penting kudu sering digunakake utawa diucapake. Apa maneh yen dianggo dolanan karo kanca-kancamu saben dina, mesthi gampang bisa lan apal.

Ora mung ngerti lan apal, kepara mengko bocah-bocah bakal bisa gawe dhewe cangkriman anyar sing luwih apik lan cocog karo jamane saiki. Sing penting gelem sinau, blajar, mesthi bakal bisa.

Supaya luwih gamblang bab cangkriman, ayo semaken, banjur paragakna sawijining teks pacelaton sing isine cangkriman kaya ing ngisor iki! Paragakna bebarengan karo klompokmu!

Arya : Nif, ayo bedhek-bedhekan.
Hanif : Ayo, karo ngapalne cangkriman ya...dhawuhe Bu Guru minggu ngarep ulangan bab cangkriman.
Arya : Aku dhisik ya...
Hanif : Iya, wis.
Arya : *Kebo picak* matane pira hayo?
Hanif : Halah ya gampang. Lek ora picak kebo iku matane loro.

Merga picak...ya mesthi wae matane kari siji. Bener ta...

Arya : Ya, salah Nif. Kebo picak kuwi...kebo, sapi, karo cecak.

Hanif : Hehehe... ngerti aku. Ya enem lek ngono.

Arya : Nah...bener kuwi. Ayo genten kowe Nif sing mbadheki.

Hanif : Ok... *tamu kok mung disuguhi opak angin*. Apa

Arya : badhekane?

Hanif : Gampang kuwi. Opak angin rak sing digoreng wedhi kae.

Arya : Hahaha...salah...

Aku ngerti kok. Disuguhi opak angin tegese ora disuguhi

Hanif : Apa-apa. Iya ta?

Arya : Wah, pinter kowe Arya. Saiki giliranmu!

Hanif : *Sega sakepel dirubung tinggi* apa?

Arya : Gampang ... badhekane *salak* ta...

Hanif : Pinter-pinter...

Ibu : Adhuh...seru banget olehe dolanan cangkriman.

Arya : Inggih Bu, minggu ngajeng badhe ulangan bab cangkriman.

Arya : Kersanipun gampil apal Bu...mboten kraos dolanan kalih sinau.

Ibu : Pancen bocah pinter kok. Wis kae ibu nggoreng gedhang.

: Mumpung isih anget, ndang dimaem

Hanif : Inggih, bu.

Arya : Matur nuwun Bu...

Pasinaon 3
Makarya Mandhiri: Njangkepi Cangkriman

Ing pasinaon 2 bocah-bocah wis sinau akeh banget bab cangkriman. Wis makarya bebarengan karo kanca-kancane, uga maragakake pacelathon sing isine cangkriman. Sabanjure ayo sinau kanthi mandhiri.

Gladhen 1: Njangkepi Cangkriman

Ing pasinaon telu iki bocah-bocah bakal diajak ajar gawe cangkriman dhewe. Supaya gampang, carane sinau diwiwiti saka ajar njangkepi cangkriman.

Semaken, banjur garapen!

1. Surles .... ,batangane: susur teles pepenen.
2. "... kopen' ,batangane: bubur panas kokopen.
3. Dikethok malah ..... ,batangane: clana.
4. Bocor malah .... ,batangane: prau bocor.
5. Adoh-adoh diparani, ... , batangane: lawang.

Gladhen 2: Gawe Cangkriman

Akeh bab utawa kahanan ing kiwa tengen sing bisa kanggo bahan gawe cangkriman. Sing penting wani lan gelem nyoba.

Bocah-bocah, saiki tugasmu gawe cangkriman. Tulisen sing apik, yen perlu wenehana gambar sing mathuk. Klumpukna minangka tugas pungkasaning wulangan. Aturna Bapak utawa Ibu Gurumu!

GLADHEN WULANGAN 4

A. Wenehana tandha ping (X) ing aksara A, B, C, utawa D, minangka wangsulan sing bener!

1. Tembung globalisasi iku asale saka tembung "globe" sing tegese ....
   A. bal bunder
   B. donya
   C. mendunia
   D. di dunia
2. Ing ngisor iki sing kalebu dhampak positipe globalisasi yaiku ....
   A. ilange budaya asli
   B. majune teknologi
   C. komunikasi saya angel
   D. ilange pakulinan gotong royong
3. *Cebloke mengisor, sing digoleki mendhuwur*, batangane
   A. andha
   B. prau bocor
   C. gendheng bocor
   D. benik
4. Batangane "ontong gedhang". Cangkrimane, *pak demang klambi abang ....*
   A. disuduk manthuk-manthuk
   B. disawang malah ilang
   C. rupamu kaya kranjang
   D. penggaweane saba blumbang
5. *Bapak pucung wujud mlungker kaya kalung,*
   Tangan papanira,
   Nuduhake rina wengi,
   Lamun mati bingung wektu sang bendara.
   Badhekane yaiku ....
   A. Tasbih
   B. ali-ali
   C. gelang jam
   D. binggel
6. *Pitik walik saba meja*, batangane ....

A. nanas
B. nangka
C. sulak
D. sapu

7. Manut wujude, cangkriman iku kaperang dadi ....
   A. enem
   B. lima
   C. papat
   D. telu

8. *Kebo picak* kalebu ....
   A. cangkriman awujud pepindhan
   B. cangkriman awujud blenderan
   C. cangkriman sinawung ing tembang
   D. cangkriman awujud wancahan

9. *Dikethok malah dhuwur* kalebu ....
   A. cangkriman awujud pepindhan
   B. cangkriman awujud blenderan
   C. cangkriman sinawung ing tembang
   D. cangkriman awujud wancahan

10. Sing klebu cangkriman plesetan yaiku ....
    A. Bocor malah enak.
    B. Adoh-adoh diparani, bareng wis tekan diliwati.
    C. Segara beldhes.
    D. Sega sakepel dirubung tinggi.

B. Gawea cangkriman sing awujud tembang! Tulisen ing papan ngisor iki!

....
....
....
....
....
....
....
....
....
....

WULANGAN 5
WIRA USAHA

Kompetensi Dasar:

3.5	Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks pidato, bercerita, dan lainnya sesuai dengan kaidah.
4.5	Menulis dan memperagakan teks pidato, bercerita, dan lainnya sesuai dengan kaidah.

Indikator:

3.5.1 3.5.2 3.5.3	Menjelaskan pengertian pidato. Menjelaskan struktur pidato. Membedakan ciri bahasa pidato resmi dan tidak resmi.
4.5.1 4.5.2 4.5.3	Membuat kerangka pidato. Menulis teks pidato dari kerangka yang dibuat. Memperagakan teks pidato yang telah ditulis.

Mbabar Wawasan

Wacanen sing patitis!

Kunjungan Industri

SD Sukamaju kalebu sekolahan sing maju. Kanggo nambahi kawruh marang para siswa sekolah duwe ada-ada nganakake kegiatan kunjungan menyang salah sijine indhustri pangan sing manggone cedhak sekolahan.

Dina Setu bocah-bocah kelas 6 sida budhal kunjungan indhustri menyang pabrik tahu “Prasaja” kagungane pak Brata. Rini lan kanca-kancane seneng banget atine. Bocah-bocah kepengin ngerti carane gawe tahu lan kepriye carane masarake.

Ing pabrik tahu “Prasaja” bocah bocah katampa kanthi becik dening pak Brata, priyayi sing kagungan pabrik. Sadurunge ndeleng proses panggawene tahu bocah-bocah diklumpukake ing sawijining ruwangan. Ing kono bocah-bocah nampa sesorah saka pak Brata. Isine antara liya tetepungan lan kepriye usaha gawe tahu bisa sukses.

Kegiatan sabanjure bocah-bocah dijak ndeleng proses prodhuksi tahu. Bocah-bocah migatekake kanthi premati, dheweke seneng, amarga oleh kawruh anyar sing bakal didadekake pengalaman kanggo dina tembe. Sapa ngerti mbesuk bisa dadi pengusaha sing sukses kaya pak Brata.

Pasinaon 1
Modhel Teks Pinilih

Bocah-bocah, ing pasinaon iki kowe kabeh bakal dijak nyinaoni babagan sesorah. Sesorah tegese padha karo pidhato utawa pamedhar sabda. Kanggo sesorah/ pidhato/ medhar sabda perlu disiapake naskah luwih dhisik, supaya nalika sesorah/ pidhato/ medhar sabda bisa rancag lan ora nglantur.

Ayo saiki bebarengan nyemak tuladha teks pidhato ngisor iki!

Assalamualaikum Wr. Wb.

Nuwun Bapak Ibu Kepala Sekolah ingkang kinurmatan, tamu undhangan, Bapak Ibu Guru saha karyawan ingkang kula hormati, para siswa tuwin rencang-rencang ingkang kula tresnani. Puji syukur konjuk wonten ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Asih, awit ing wekdal menika kita sedaya taksih pinaringan rahmat saengga ing wekdal menika kita saged makempal kanthi pinaringan karahayon.

Kula remen sanget dene ing kalodhangan menika kula minangka wali siswa dipunparingi wekdal kangge sesorah ing sekolahan mriki. Atur panuwun ingkang tanpa upami dhumateng Bapak Ibu Guru saha Bapak Kepala Sekolah ingkang sampun maringi wekdal tumrap kula kangge nularaken kawruh ing babagan usaha damel rengginang tengiri.

Bapak Ibu Guru, Bapak Kepala Sekolah ingkang kinurmat, para siswa ingkang kula tresnani, perlu kawuningan bilih anggen kula nindakaken usaha rengginang tengiri menika sampun lumampah 17 taun. Nanging usaha kula menika mboten langsung lancar lan maju kados samenika. Kathah pepalang ingkang kula adhepi. Kanthi bandha tekad, ulet, lan semangat ingkang makantar-kantar sekedhik mbaka sekedhik usaha kula saged lancar. Samenika rengginang tengiri prodhuk kula sampun dados jujugan tiyang damel oleh-oleh khas saking dhaerah mriki. Bab menika

saged ningkataken ekonomi kulawarga kula. Kejawi menika kula saged mbikak lapangan kerja kangge tanggi tepalih.

Bapak Ibu Guru, Bapak Kepala Sekolah lan para siswa, ing kalodhangan menika kula namung saged paring panjurung mugi-mugi para siswa mangke sageda gadhah krenteg kangge nindakake wira usaha. Amargi kanthi wira usaha saged ningkataken ekonomi kulawarga.

Bapak Ibu Guru, Bapak Kepala Sekolah lan para siswa, sepisan malih kula ndedonga mugi tansah pinaringan rahmat saha barokahing Gusti Allah.

Wasana cekap semanten atur kula, menawi wonten lepatipun atur saha solah bawa ingkang boten mranani penggalih, kula nyuwun agunging samodra pangaksami.

Wassalamualaikum Wr. Wb.

Bausastra:

rencang = kanca
konjuk = diaturake
awit = sebab
sesorah = pidhato
kawruh = ilmu
kawuningan = diweruhi
lumampah = lumaku
paring = menehi
panjurung = dhorongan
krenteg = pepinginan
wasana = akhire
kalepatan = kesalahan
atur = omong
solah bawa = tingkah laku
mranani = nyenengake
agunging samodra pangaksami = gedhene pangapura

Gladhen 1: Mangsuli Pitakon

Kanggo mangerteni isine wacan coba wangsulana pitakon ngisor iki!

1. Apa isine paragrap 1?
   ....
2. Apa isine paragrap 2?
   ....
3. Apa isine paragrap 3?
   ....
4. Apa tema pidhato ing dhuwur?
   ....
5. Sapa sing sesorah manut teks ing dhuwur?
   ....

Gladhen 2: Nerangake Pangertene Pidhato

Bocah-bocah, nyinaoni bab pidhato padha karo nyinaoni kepriye carane omong ing sangarepe wong akeh kanggo ngandharake gagasan utawa ngandharake sawenehe bab. Bab sing kudu dimangerteni, upamane bab etika, panguwasane tetembungan, lan liya-liyane.

Miturut swasanane, pidhato utawa sesorah kaperang dadi pidhato resmi lan ora resmi. Delengen bedane ing ngisor iki!

Pidhato Resmi	Pidhato Ora Resmi
Pidhato resmi yaiku pidhato sing diwedharake ing pasamuan resmi/ formal.	Pidhato ora resmi yaiku pidhato sing diwedharake ing pasamuan ora resmi/ semi resmi.
Tuladhane: pidhato kenegaraan, pidhato Hardiknas	Tuladhane: pidhato manten, pidhato ing Karang Taruna

Basa sing dianggo ya ana bedane. Delengen tabel ngisor iki!


Basa ing Pidhato Resmi	**Basa ing Pidhato ora Resmi**
1. Digunakake ing kahanan resmi.	1. Digunakake ing kahanan ora resmi.
2. Intonasi dhatar.	2. Intonasi swara munggah-mudhun.
3. Ukarane ukara jangkep.	3. Kerep nganggo ukara ora jangkep.
4. Migunakake tembung baku.	4. Tembunge ora baku.

Ukara ing ngisor iki aranana endi sing kalebu ukara jangkep utawa ukara ora jangkep sarana menehi tandha centhang (√)!

No.	Ukara	Jangkep	Ora jangkep
1	Pak Brata ngedegake pabrik tahu.		
2	Bakso!		
3	Ping loro!		
4	Para warga rawuh sedaya.		
5	Dhek wingi Rini tuku buku.		

Gladhen 3: Struktur Teks Pidhato

Bocah-bocah, sepisan maneh wacanen teks pidhato ing dhuwur! Supaya luwih gampang mangerteni teks pidhato ayo nyinaoni struktur teks pidhato. Struktur teks pidhato kaya kagambarake ing bagan ngisor iki:



Pambuka : perangan teks pidhato kang miwiti andharan, isine wujud salam pambuka, pakurmatan, lan puji syukur.

Isi : perangan teks pidhato kang ngandharake wosing andharan utawa inti sarine andharan.

Panutup : perangan teks minangka panutuping andharan, isine dudutan, panyuwunan pangapura, lan salam panutup.

Kanggo mangerteni struktur teks kang luwih cetha, ayo wacanen sepisan maneh teks pidhato ing dhuwur. Bebarengan karo kancamu idhentifikasinen bagean-bagean teks pidhato/ sesorah manut struktur teks pidhato.

Struktur Teks Pidhato	Gagasan Baku	Ukarane
Pambuka	....	....
Isi	....	....
Panutup	....	....

Pasinaon 2
Makarya Bebarengan

Ing pasinaon 1 wis dirembug kanthi cetha babagan teks pidhato. Bocah-bocah mesthi wis mangerteni kepriye wujude teks pidhato. Supaya luwih cetha lan wasis bab teks pidhato ing pasinaon iki bocah-bocah dijak sinau bebarengan karo kanca-kancane nyusun teks pidhato. Sadurunge gladhen nyusun teks pidhato, ayo bebarengan nyemak tuladha teks pidhato ngisor iki!

Assalamualaikum Wr. Wb.

Bapak-bapak, Ibu-ibu warga dhusun Sukamaju ingkang dahat kinurmatan, para kanca anggota Karang Taruna ingkang kula tresnani.

Puji syukur kita aturaken dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Agung, jalaran kita tansah pinaringan rahmad, taufik, saha hidayahipun saengga kita saged pepanggihan ing kawontenan sehat walafiat lan rahayu wilujeng.

Bapak-bapak, Ibu-ibu, para kanca Karang Taruna ingkang kinurmat, bombong raosing manah kula dene ing adicara rapat koordinasi kangge nyiapaken kegiatan pameran Usaha Kecil Menengah (UKM) menika panjenengan saged rawuh sedaya. Mugi-mugi menapa ingkang kita rancang sesarengan mlampah kanthi lancar.

Bapak-bapak, Ibu-ibu saha para kanca anggota Karang Taruna, ancas tujuan pepanggihan menika kangge ngrancang adicara pameran. Mangga sesarengan kita ngrancang jadwalipun. Lajeng prodhuk unggulan menapa ingkang badhe dipunpameraken. Ingkang baku prodhuk unggulan kedah ingkang dados ciri khas dhusun Sukamaju mriki. Mangga sabibaripun kula matur, kita ngempal manut seksi-seksi ingkang sampun kasusun. Minangka ketua panitia kula gadhah pangajab adicara ing enjing menika ngasilaken keputusan ingkang sae.

Bapak-bapak, Ibu-ibu lan para kanca anggota Karang Taruna ingkang kinurmat, mbokbilih cekap semanten anggen kula matur, menawi wonten tetembungan utawi solah tingkah ingkang kirang mranani kula nyuwun agunging samodra pangaksami.

Wassalamualaikum Wr. Wb.

Bausastra

dahat	=	tansah
rahayu, wilujeng	=	slamet
bombong	=	mongkog, seneng banget
manah	=	ati
ancas	=	tujuwan
mlampah	=	mlaku
pangajab	=	pepinginan
cekap	=	cukup
semanten	=	samene

Gladhen 1: Mangsuli Pitakon

Kanggo mangerteni isine teks pidhato ing dhuwur, wangsulana pitakon-pitakon ngisor iki!

1. Sapa sing pidhato manut teks ing dhuwur?
   ....
2. Pidhato kasebut ing adicara apa?
   ....
3. Sapa wae sing diundang ing adicara kasebut?
   ....
4. Apa ancas lan tujuan ing tetemonan kasebut?
   ....
5. Apa isine pidhato ing dhuwur?
   ....

Gladhen 2: Gawe Cengkorongan Teks Pidhato

Bocah-bocah, ayo sinau bebarengan gawe cengkorongan teks pidhato. Nglumpuka ing klompokmu dhewe-dhewe. Supaya gampang anggonmu tumandang gatekna pituduh ngisor iki!

1. Sapa sing pidhato?
2. Sapa wae tamu undhangan sing rawuh?
3. Apa kegiatane?
4. Apa tujuane kegiatan?
5. Kapan kegiatane?
6. Ing endi kegiatane dianakake?
7. Apa isine pidhato?

Gawea cengkorongan pidhato utawa sesorah kanthi nggenepi tabel ngisor iki bebarengan karo kancamu saklompok. Tindakna kanthi tumemen, ora pareng nggugu karepe dhewe, kareben asile ora nguciwani.

Cengkorongan pidhato utawa sesorah babagan wira usaha ing Bale Desa.

Struktur Teks Pidhato	Gagasan Baku	Ukarane
Pambuka	1. salam pambuka 2. pakurmatan 3. tetepungan 4. puji syukur	....
Isi	1. .... 2. .... 3. lst	....
Panutup	1. dudutan. 2. panyuwunan pangapura 3. salam panutup	....

Gladhen 3: Nulis Teks Pidato

Ing gladhen 2 bocah-bocah wis nyinaoni carane gawe cengkorongan pidhato utawa sesorah. Cengkorongan kasebut minangka landhesan kanggo nulis teks pidhato utawa sesorah sing sawutuhe. Kanthi anane cengkorongan diajab bocah-bocah luwih gampang anggone nyusun teks pidhato utawa sesorah.

Bocah-bocah, saiki ayo nyoba nulis teks pidhato miturut cengkorongan sing wis koktulis bebarengan karo kancamu saklompok.

Ganepana teks ngisor iki!

(1) .... (salam pambuka)

(2) Nuwun ....

(3) Bapak .... Ibu lan ....
....
Puji syukur ....
....
(pambuka)

(3) ...., kula minangka sesulihipun para kanca saking SD...
....
....
Bapak ...., ing kalodhangan menika kula matur bilih...
....
....
(isi)

(4) ...., cekap semanten anggen kula matur ....
....
(panutup)

(5) .... (salam panutup)

Pasinaon 3
Makarya Mandhiri Ngrakit Teks Pidhato

Makarya kanthi mandhiri duwe ancas tujuan supaya para siswa bisa nindakake tugas lan kegiatan dhewe-dhewe. Bisa ngembangake gagasan dhewe, nyusun ukara utawa teks pidhato dhewe. Angger ing pasinaon sadurunge wis sinau bebarengan kanthi becik, mula ing pasinaon mandhiri para siswa mesthi bisa nindakake kanthi becik.

Gladhen 1: Gawe Cengkorongan Teks Pidhato

Ing pasinaon iki ayo bocah-bocah sinau kanthi mandhiri nulis cengkorongan teks pidhato utawa sesorah kanthi tema "wira usaha". Supaya luwih gampang anggonmu tumandang, ganepana tabel ngisor iki!

Pidhato utawa sesorah kanthi tema "Wira Usaha":

Struktur Teks Pidhato	Gagasan Baku	Ukarane
Pambuka	1. salam pambuka 2. pakurmatan 3. tetepungan 4. puji syukur	....
Isi	1. .... 2. .... 3. Ist	....
Panutup	1. dudutan. 2. panyuwunan pangapura 3. salam panutup	....

Gladhen 2: Nyusun Teks Pidhato

Bocah-bocah, ing pasinaon sadurunge kowe kabeh wis sinau bebarengan nulis teks pidhato utawa sesorah. Kanggo mantepake asile pasinaonmu, ayo sinau nulis teks pidhato kanthi mandhiri. Sapa ngerti mbesuk bocah-bocah bisa dadi ahli nulis teks pidhato utawa sesorah. Malah-malah bisa dadi orator.

Ayo sinau nulis teks pidhato adhedhasar cengkorongan sing wis kogawe ing pasinaon sadurunge. Tulisen ana papan ngisor iki!

Gladhen 3: Maca Teks Pidhato

Bocah-bocah apa wis tau pidhato utawa sesorah? Wis tau ngrungokne wong pidhato utawa sesorah? Pidhato kuwi butuh kaprigelan. Kanggo sinau kudu diwiwiti kanthi maca naskah dhisik. Dene sing wis ahli, tanpa nganggo teks ora apa-apa.

Bab-bab sing kudu digatekake nalika pidhato:

1. Vokal/swara, swara kudu cetha.
2. Intonasi utawa endhek dhuwure swara.
3. Ekspresi.
4. Runtute isi pidhato utawa sesorah.

Kena apa nalika pidhato utawa sesorah kudu migatekake bab-bab ing dhuwur. Tujuane supaya wong sing mirengake bisa ketarik lan kena daya pangaribawa saka sing pidhato.

Bocah-bocah, ayo gladhen dadi juru pidhato kanthi cara maca teks pidhato sing wis kogarap. Nalika kancane pidhato utawa sesorah, kanca liyane migatekake karo menehi pambiji nganggo rubrik ing ngisor iki:

NO	Jeneng	Aspek				Jml
		Vokal	Intonasi	Ekspresi	Keruntutan	
1.						
2.						
3.						
Lst						

Cathetan:

Metodhe pidhato cacahe ana 4:

1. Impromptu = pidhato sing tanpa nganggo persiapan.
2. Memoriter = pidhato kanthi ngapalake naskah luwih dhisik.
3. Naskah = pidhato kanthi cara maca teks/ naskah.
4. Ekstemporan= pidhato mung nyiapake pokok-pokok pidhato.

GLADHEN WULANGAN 5

A. Pilihen wangsulan sing paling bener!

Kanggo mangsuli soal nomer 1 – 5 wacanen teks pidhato ing ngisor kanthi premati!

Assalaamu 'alaikum warahmatullahi wabarakatuh.

Bapak-Ibu pengasuh ingkang kula hurmati, Bapak-Ibu guru ingkang dhahat kinurmatan, saha para kanca panti asuhan ingkang dipun mulyakaken Gusti Ingkang Murbeng Dumadi. Mangga sasarengan muji syukur ing ngarsaning Allah ingkang sampun paring rahmad lan kasarasan. Shalawat sarta salam mugi tansah linuberaken dhumateng Rosulullah Muhammad SAW.

Bapak Ibu ingkang dhahat kinurmatan, kita sedaya kempal sesarengan wonten ing panti asuhan punika boten sanes supados kita nggadhahi *masa depan* ingkang sae. Pramila kita kedah kanthi tumemen ngangsu kaweruh ilmu pengetahuan lan ketrampilan saengga ing mangke saget gesang mandhireng pribadi.

Bapak Ibu sarta para kanca ingkang kula hurmati, kula gadhah idhe, kangge nglatih wira usaha tumrap warga panti mriki inggih punika mbikak usaha damel piscok (pisang coklat). Dhasaripun, ing tlatah mriki kathah ngasilaken pisang, reginipun mirah, prosesipun gampil. Kanthi makaten sasampunipun dados piscok saget dipun sade wonten alun-alun, utawi kita titipake wonten wande. Etangan kula manawi setunggal piscok kasade Rp. 800,- saget pikantuk kauntungan Rp. 300,- Manawi sedinten saget nyade 300 iji, sampun kathah kauntungan ingkang saget kita kempalaken.

Bapak Ibu ingkang dhahat kinurmatan, lintunipun pikantuk kauntungan, usaha punika saget kangge latihan wira usaha. Mugi ing tembe kita saget gesang mandhiri, boten namung gumantung dhumateng peparingipun tiyang sanes. Sukur manawi saget mbikak lapangan kerja enggal kangge nggayuh masyarakat ingkang tumata ekonominipun.

Wusana namung makaten ingkang kula aturaken, mugi saged migunani tumrap warga panti asuhan mriki. Manawi wonten lepat anggen kula matur, nyuwun agungung pangaksami.
Wassalamu 'alaikum wr wb.

1. Sing nindakake pidato ing dhuwur ....
   A. bapak-ibu pengasuh
   B. bapak-ibu guru
   C. kanca panti asuhan
   D. wakil warga panti asuhan
2. Bab sing di andharake ing pidhato kasebut ....
   A. Nglatih wira usaha kanggo warga panti asuhan.
   B. Menehi bantuan kanggo warga panti kabeh.
   C. Nuturi warga panti supaya padha sregep nyambut gawe.
   D. Ngejak warga panti bukak toko gedhe.
3. Gagasan sing ditawakake kanggo nglatih mandhiri warga panti asuhan yaiku ....
   A. gawe endhog asin
   B. gawe pisang coklat
   C. dodolan panganan
   D. golek bantuan
4. Muji syukur ing ngarsaning Allah kalebu perangan ... pidhato.
   A. pambuka
   B. isi
   C. panutup
   D. dudutan
5. Olehe pidhato manggon ana ....
   A. sekolahan
   B. kantor kelurahan
   C. panti asuhan
   D. lapangan
6. Kanggo persiapane nulis teks pidhato becike gawe ....
   A. ukara
   B. dudutan
   C. cengkorongan
   D. gagasan baku

7. Yen arep pidhato, becike gawe ...
   A. cengkorongan
   B. gagasan baku
   C. naskah pidhato
   D. struktur teks pidhato
8. Miturut swasanane, pidhato utawa sesorah kaperang dadi ....
   A. Pidhato kenegaraan karo pidhato perpisahan.
   B. Pidhato ing sekolahan karo pidhato ing manten.
   C. Pidhato pengetan Hardiknas karo pidhato presiden.
   D. Pidhato resmi karo pidhato ora resmi.
9. Ing ngisor iki sing ora kalebu gagasan baku sajroning pambuka pidhato yaiku ....
   A. dudutan
   B. puji syukur
   C. salam pambuka
   D. pakurmatan
10. Pidhato kanthi ngapalake naskah luwih dhisik diarani ....
   A. impromptu
   B. memoriter
   C. ekstemporan
   D. naskah

B. Tindakna manut prentahe!

1. Gawea cengkorongan pidhato kanthi tema” Wira Usaha”
2. Adhedhasar cengkorongan mau, gawea teks pidhato!

UJI KOMPETENSI SEMESTER 2

Wacanen sing tliti!

Budaya Jawa ing Jaman Globalisasi

Budi lan dayaning manungsa bisa ngasilake budaya. Salah sijine, yaiku budaya Jawa. Wujud budaya Jawa ing antarane: basa Jawa, aksara Jawa, wayang, gamelan, tari-tarian, keris, batik, ketoprak, lan sapanunggalane.

Trus, apa globalisasi iku? Tembung globalisasi asale saka tembung *globe* utawa global. Tegese *mendunia* utawa universal. Anane globalisasi nuwuhake dhampak maneka warna, semono uga ing babagan budaya.

Globalisasi bisa nuwuhake dhampak sing apik tumrap kabudayan Jawa, umpamane:

1. Budaya Jawa saya kawentar saindenging donya,
2. Ningkatake dhevisa saka anane wisata budaya,
3. Ningkatake kreatifitas,
4. Ndadekake budaya Jawa saya ngrembaka.

Kabeh mau bakal klakon, menawa budaya Jawa tansah diuri-uri lan dirembakakake. Aja nganti kepara kelangan jati dhiri, kapencut gebyare budaya manca, kaya kang kasebut ing tembang Gambuh ngisor iki:

Ampun ngantos kebanjur,
Tiyang Jawi ilang Jawinipun,
Margi kerut ing jaman globalisasi,
Tebih saking sopan santun,
Budi pekertine awon.

A. Wangsulana sing patitis!

1. Apa irah-irahane wacan ing dhuwur?
   ....
2. Apa asale tembung globalisasi iku?
   ....

3. Apa bae wujude budaya Jawa?
   ....
4. Tulisen dhampak positipe globalisasi tumrap budaya Jawa!
   ....
5. Critakna dhampak negatipe globalisasi tumrap budaya Jawa kaya sing katulis ana tembang Gambuh ing dhuwur!
   ....

B. Pilihen wangsulan sing paling bener!

6. Pidhato kanthi cara maca teks/naskah diarani ....
   A. impromptu
   B. memoriter
   C. ekstemporan
   D. naskah
7. Dudutan, panyuwunan pangapura, lan salam panutup iku kalebu perangan ... pidhato.
   A. Pambuka
   B. Isi
   C. Panutup
   D. dudutan
8. Yen arep pidhato, becike gawe ....
   A. cengkorongan
   B. gagasan baku
   C. naskah pidhato
   D. struktur teks pidhato
9. Sing klebu cangkriman plesetan yaiku ....
   A. Bocor malah enak
   B. Wong adol krambil dikepruki
   C. Segara beldhes
   D. Sega sakepel dirubung tinggi
10. Bapak pucung amung sirah lawan gembung,
    Padha kinunjara,
    Mati sajroning ngaurip,
    Mijil baka si pucung dadi dahana.
    Badhekane yaiku ....
    A. penthol korek

B. ali-ali
C. dom bolah
D. binggel

11. Adoh-adoh diparani, ...
    A. banjur dicekel
    B. bareng cedhak diliwati
    C. bareng cedhak dibruki
    D. ora tau diliwati
12. Kanggo persiapane nulis teks pidhato becike gawe ....
    A. ukara
    B. dudutan
    C. cengkorongan
    D. gagasan baku
13. Muji syukur ing ngarsaning Allah kalebu perangan ... pidhato.
    A. pambuka
    B. isi
    C. panutup
    D. dudutan
14. Dikethok malah .... Yen batangane clana, mula tembung sing mathuk kanggo njangkepi yaiku ....
    A. gedhe
    B. dawa
    C. cendhak
    D. rusak
15. Pitik walik saba kebon, batangane ....
    A. nanas
    B. nangka
    C. sulak
    D. sapu

C. Tindakna manut prentahe!

1. Gawea 2 wae cangkriman nganggo ukaramu dhewe!
2. Gawea cengkorongane pidhato kanthi tema "Globalisasi". Adhedhasar cengkorongan mau, banjur gawea naskah pidhatone!

Daftar Pustaka

Abikusna, 1996. *Widya Basa*. Surabaya: Ekspres

Atmodjo, S. Prawira, 1996. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo.

Basuki, Widodo. 2004. *Medhitasi Alang-Alang KumpulanGeguritan*. Sidoarjo: Sanggar Zuhra Gupita

Jatirahayu, Warih dan Margono Notopertomo. *Pakartitama:Wayang Sebagai Sumber Pendidikan Budi Pekerti.* Klaten: CV Sahabat.

Tim. 1948. *Karti Basa*. Jakarta: Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan.

Kementrian Pendidikan Nasional. 2011. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Balai Bahasa

Mangunsuwito, S.A. 2002.*Kamus Bahasa Jawa, Jawa-Indonesia.* Bandung: CV. YramaWidya.

Mardimin, Yohanes. 1987. *Sekitar Tembang Macapat*. Sala: Satya Watjana.

Ngafenan, Mohammad. 1995. *Paribasan, Bebasan, lan Saloka.* Solo: CV Aneka.

Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Padmosoekotjo, S, 1982. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

______ 1953. *Ngerengan Kasusastra DJawa.* Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra DJawa*. Batavia:J.B. Wolter

Prawirodihardjo, S. 1980. *Burat Sari*. Surabaya: CV Citra Jaya.

PT. Pancaran Semangat Jaya. 1997. *Kalawarti Minggon Basa Jawa Panjebar Semangat*. Surabaya: PT. Percetakan Panyebar Semangat.

Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Budaya Jawa:Rekonstruksi Normatif Idealistis.* Malang: Aditya Media Publishing.

Sasangka Sry Tjatur Wisnu. 2011. *Bunyi-bunyi Distingtif Bahasa Jawa.*Yogyakarta: Elmatera Publishing.

______ 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa.* Jakarta :Yayasan Paramadina.

______ 2010. *Unggah-Ungguh Bahasa Jawa.* Jakarta: Yayasan Paramalingua.

Sawali. 2005. *Bahasa dan Sastra Indonesia untuk SMP/MTs Kelas VIII*. Yogyakarta: PT Citra Parama Aji.

Sudaryanto (ed). 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Sudaryanto & Pranowo (ed.). 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa.* Yogyakarta: badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.

Sulchan. 1991. *Serial Protokoler Contoh Praktis Pembawa Acara dan Pidato.* Surabaya: Mekar.

Suwardi. 1983. *Warisan Geguritan Macapat*. Jakarta: PN. Balai Pustaka.

Warsito, S. Mardi. 1978. *Kamus Jawa Kuna (Kawi) – Indonesia*. Ende Flores: Nusa Indah.

https://www.bing.com/images/search?q=kebun+bunga+batu&FORM=HDRSC2

https://www.bing.com/images/search?q=pantai+klayar+pacitan+jawa+timur&view=detailv2&&id=1A1A5764C0AEE4BA824CA9A5ACFEE414D5328FEE&selectedIndex=13&ccid=SS0RDyYh&simid=607990731103734974&thid=OIP.M492d110f262175a1a6080212afe070efo0&ajaxhist=0

https://www.bing.com/images/search?q=bukit+jamur+gresik&view=detailv2&&id=71D1EF458FAF8A321E49831C3894950C0CC0FFB3&selectedIndex=24&ccid=IT9J361h&simid=608006738455431889&thid=OIP.M213f49dfad61e9ace16c43d7ce63d282o0&ajaxhist=0

CATATAN

CATATAN

CATATAN